O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI
XALIQ BİLIMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

A’JİNİYAZ ATINDAG’I NO’KİS MA’MLEKETLİK
PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI

ULIWMA PEDAGOGİKA HA’M PSİXOLOGİYA KAFEDRASI

T.E. Djarlepesov, A.B. Arıslanbaeva, E.S. Jaqsımuratova

# İNTERAKTİV OQITIW A’MELİYATI

*(pedagogikalıq protsesste interaktiv usıllardı qollanıw boyınsha oqıw-metodikalıq qollanba)*

NO’KİS – 2014

***Avtor:*** **T.E. Djarlepesov**

***Qaraqalpaq tiline awdarg'an:*** **A.B. Arıslanbaeva, E.S. Jaqsımuratova**

Metodikalıq qollanba oqıtıwdın' interaktiv usılları boyınsha za'ru'rli mag'lıwmatlardı qamtıydı.

«Joqarı mekteptin' bilimlendiriw protsesine kirisiw», «Pedagogikalıq texnologiyalar» ha'm «Pedagogikalıq konfliktologiya» kursların oqıtıw mısalında lektsiya ha'm seminar sabaqları o'tkerilip, olarda oqıtıwdın' interaktiv usılları a'meliyatta qollanıladı. Metodikalıq qollanba studentke pedagogikalıq a'meliyatta o'zinin' professional iskerligin metodikalıq jaqtan sawatlı sho'lkemlestiriwge ja'rdem beredi.

Qollanba sonday-aq, universitet oqıtıwshılarına o'zlerinin' professionallıq pedagogikalıq xızmetinde interaktiv usıllardı qollanıwg'a ko'meklesedi.

## Juwaplı redaktor:

***R. Nurjanova*** **–** A'jiniyaz atındag'ı No'kis ma'mleketlik pedagogikalıq institutı pedagogika ha'm psixologiya kafedrasının' pedagogika ilimlerinin' kandidatı.

## Pikir bildiriwshiler:

1. ***P. Abdimuratov*** **–** Berdaq atındag'ı Qaraqalpaq ma'mleketlik universiteti pedagogika ha'm psixologiya kafedrasının' baslıg'ı, pedagogika ilimlerinin' kandidatı.
2. ***P. Berdanova*** **–** A'jiniyaz atındag'ı No'kis ma'mleketlik pedagogikalıq institutı ulıwma pedagogika ha'm psixologiya kafedrasının' baslıg'ı, pedagogika ilimlerinin' kandidatı.

# *Kirisiw*

**«O'zimizdi jetilistiriwge tuwrı alıp baratug'ın bilim —**
**en' birinshi za'ru'rliktegi bilim».**

***L.N. Tolstoy***

Jan'a pedagogikalıq ha'm ma'limleme texnologiyaların, ta'limnin' ilim ha'm o'ndiris penen a'meliy integratsiyalaw mexanizmin a'meliyatqa engiziw - joqarı bilimlendiriwdin' en' baslı wazıypalarınan biri. Usıg'an baylanıslı biz joqarı mekteplerdin' ha'm barlıq oqıw orınlarının' bilimlendiriw sistemasına interaktiv oqıtıw usılların qollanıwdı engiziw ma'selesin a'hmiyetli ha'm aktual dep esaplaymız.

Biliw protsesi pedagog ushın da, oqıwshı ushın da eki ta'repleme qızıqlı ha'm a'hmiyetli bolıwı ushın oqıtıwdı qalayınsha sho'lkemlestiriw kerek? Pedagogikalıq protsesste ulıwma na'tiyjelilikke qalay erisiw mu'mkin? Pedagogtın' aldına qoyılg'an maqsettin' orınlanıwın qalayınsha qızıqlı, an'sat ha'm ıqsham kepillestiriwge boladı ha'm t.b. Bunday sorawlar oqıtıwshının' xızmetinde ko'p ushırasadı. Pedagogika tariyxında bunın' ushın ha'r qıylı jollar usınıs etilgen: ma'selen, juwapkershilikti ta'rbiyalaw, oqıtıwdın' laboratoriyalıq ha'm basqa da usılların engiziw, motivatsiyanı rawajlandırıw, oqıw materialın a'piwayılastırıw ha'm t.b. Bu'gingi ku'nde bolsa jan'asha  qatnasta bolıw — interaktiv oqıtıw payda bolmaqta.

Ha'zirgi waqıtta texnikanın' joqarı da'rejede rawajlanıwına baylanıslı interaktivlik tikkeley dialog sıpatında ayrıqsha a'hmiyetke iye bolmaqta. Bu'gingi ku'nde komp'yuterden paydalanıwshının' o'z-ara u'zliksiz dialoglıq ha'reketin ta'miyinleytug'ın arnawlı ortalıq ha'm qurılmalar interaktiv dep ataladı. Ta'lim sistemasında «miyge hu'jim», «insert», «klaster», «bumerang», «kubikler», «sink veyn», «zigzag», «jarg'ı» sıyaqlı interaktiv oqıtıw usılları payda boldı.

O'zbekstan Respublikasında joqarı mekteplerdin' pedagogikalıq protsesinde oqıtıwdın' interaktiv usılların qollanıw ma'seleleri menen N.N.Azizxojaeva, R.D.İshmuxamedova, M.T. Mirsalieva, N.Saidaxmedov, U.Talipov, M.Usmanbaeva,

M.Achilov, B.Ziyamuxamedov, Sh.Abdullaeva ha'm basqa da ko'plegen ilimpazlar shug'ıllanbaqta.

*Joqarı oqıw orınları a'meliyatında ma'seleni izertley otırıp, to'mendegidey juwmaqqa keldik:*

**-** oqıtıwshılar pedagogikalıq protseste oqıtıwdın' interaktiv usılların qollanıw og'ada za'ru'r dep esaplaydı, sebebi, interaktiv usıllar aldıg'a qoyılg'an maqsetke erisiwdin' na'tiyjeliligin kepillestiriwge bag'darlang'an.

*Metodikalıq qollanba logikalıq jaqtan u'sh bo'limnen turadı:*

«İnteraktiv oqıtıwdı sho'lkemlestiriw metodikası», «Oqıw protsesin sho'lkemlestiriw texnologiyası» ha'm «İnteraktiv oqıtıw a'meliyatı».

# İNTERAKTİV OQITIWDI SHO’LKEMLESTİRİW METODİKASI

## 1.1. Oqıtıwdın’ toparlıq formaları

*Oqıtıwdı sho’lkemlestiriw forması* — bul oqıtıwshı menen oqıwshının’ ha’reketinde belgili bir ta’rtipte ha’m rejimde a’melge asırılatug’ın o’z-ara kelisiminin’ sırtqı ko’rinisi. Olar sotsiallıq qatnasqa iye bolıp, didaktikalıq sistemalardın’ rawajlanıwına baylanıslı payda boladı ha’m rawajlanadı. Oqıtıwdı sho’lkemlestiriw forması oqıwshılardın’ sanı, oqıw ornı, oqıw sabaqlarının’ dawamlılıg’ı sıyaqlı kriteriyalar boyınsha klassifikatsiyalanadı, oqıwshılardın’ sanına qaray oqıtıwdın’ g’alabalıq, ja’ma’a’tlik, toparlıq, kishi toparlıq ha’m jeke formaları ajıratıladı.

Bizin’ ma’mleketimizde de, sırt ellerde de oqıtıwdın’ klasslıq-sabaqlıq sisteması ken’ tarqalg’an. Ol XVII a’sirde payda boldı ha’m u’sh ju’z jıldan aslamıraq waqıttan berli rawajlanıp kelmekte. İ.P. Podlasıy oqıtıwdı sho’lkemlestiriwdin’ klass-sabaq formasının’ o’zine ta’n o’zgeshelikleri haqqında to’mendegishe ko’rsetedi:

- derlik birdey jastag’ı oqıwshılardın’ turaqlı quramı ha’m tayarlıq da’rejesi (klass);
- ha’r bir klass o’zinin’ jıllıq jobasına muwapıq jumıs alıp baradı (oqıtıwdı jobalastırıw);
- oqıtıw protsesi bo’limlerdin’ (sabaqlardın’) o’z-ara izbe-iz baylanısı tu’rinde a’melge asırıladı;
- ha’r bir sabaq tek bir pa’nge arnaladı (monizm);
- sabaqlardın’ izbe-izligi (keste);
- oqıtıwshının’ basshılıq roli (pedagogikalıq basqarıw);
- oqıwshılardın’ biliw ha’reketinin’ ha’r qıylı tu’rlerin ha’m formaların qollanıw (ha’rekettin’ variatsiyalılıg’ı).

Oqıtıwdı sho’lkemlestiriwdin’ klass-sabaq forması negizinde, onın’ tiykarg’ı kriteriyalarına a’mel ete otırıp, O’zbekstan Respublikasının’ oqıw orınlarında mug’allimler pedagogikalıq protsesste oqıtıwdın’ interaktiv toparlıq formasın qollanıwg’a tırısadı.

İnteraktiv usıllardı qollanıw oqıtıw protsesinin’ basqa da, jiyi jag’dayda standart emes sho’lkemlestiriliwin talap etedi. Biliwdi sho’lkemlestiriwdin’ jan’a forması ju’zege keledi, ol interaktiv dep ataladı.

İnteraktiv oqıtıw dereklerin psixoterapiyalıq toparlardın’ jumıs usılların da tabıw mu’mkin. Bul usıldın’ o’zgesheligi sonda, u’yretiw protsesi birgeliktegi ha’reket arqalı o’tedi. «Mug’allim-oqıwshı» sxemasındag’ı jeke jumıs penen salıstırg’anda, - dep atap o’tedi İ.A. Zimnyaya, - sol ma’selelerdi sheshiwde topardın’ ishindegi birge islesiw onın’ na’tiyjeliligin kem degende 10% ke arttıradı».

O’zinin’ ha’r bir ag’zasına qatnasında topar pu’tkil sırtqı du’n’yanı sa’wlelendiretug’ın mikrokosmos (miniatyuradag’ı ja’miyet) bolıp ko’rinedi. Toparda jumıs alıp barıwdın’ ma’nisi sonda, adam arnawlı jaratılg’an ortalıqta toplang’an ta’jiriybeni (bilim, sheberlik) sırtqı du’n’yag’a alıp shıg’ıwı ha’m tabıslı qollana biliwi kerek. Biraq, interaktiv oqıtıwdı sho’lkemlestiriwshiler oqıw maqsetinen tısqarı, topardag’ı o’z-ara ha’reket protsesinde basqa adamlardın’ bahasının’ ta’n alınıwına ha’m olardın’ qarım-qatnasının’, qollap-quwatlawının’ qa’liplesiwine erisiwi kerek.

*Oqıtıwdın’ toparlıq forması to’mendegi tiykarg’ı u’sh ma’seleni bir waqıttın’ ishinde sheshiwi tiyis:*

- *oqıw halatı menen tikkeley baylanıslı konkret - biliw;*
- *berilgen topardın’ ishindegi ha’m sırtındag’ı qarım-qatnaslardın’ tiykarg’ı ko’nlikpeleri dawamında qa’liplesetug’ın kommunikativ-rawajlanıw;*
- *ja’miyette bir-birine uqsas bolg’an individti sotsiallastırıwda za’ru’r bolg’an puqaralıq sıpattı ta’rbiyalaytug’ın sotsiallıq-bag’darlanıw.*

*İnteraktiv oqıtıw toparında jumıstı tabıslı alıp barıw ushın kerekli bolg’an eki tiykarg’ı funktsiya a’melge asırılıwı tiyis:*

- qoyılg’an ma’selelerdi sheshiw (oqıw, ta’rbiya ha’m t.b.);
- birge islesiw barısında topar ag’zaların qollap-quwatlaw.

Topar jumısının’ barlıq basqıshlarında bul eki funktsiyanın’ a’melge asırılıwı ushın mug’allim topardag’ı rol’lerdin’ mu’mkin bolg’an bo’listiriliwi, sonday-aq, minezqulıqtın’ o’zgeshelikleri, jumıstın’ ha’r qıylı basqıshlarında anaw yaki mınaw rol’ler haqqında tu’sinikke iye bolıw kerek.

Oqıwdın’ ta’sir ku’shi eki funktsiyada ten’dey da’rejede, birinen ekinshisine awıp ketpey (detsentratsiya) a’melge asırılsa g’ana na’tiyjeli boladı. Oqıtıwdın’ real

a'meliyatında pedagog tiykarınan oqıw ma'selesin sheshiwge bag'darlanadı. Oqıwdın' o'z-ara ta'sirinin' bunday detsentratsiyası da'stu'riy (o'tetug'ın) oqıtıw usılında da'lillengen. Biraq, topar jumısın sho'lkemlestirgende oqıtıwdın' na'tiyjeliligi ko'p jag'dayda kishi topardag'ı qolaylı emotsional' klimatqa g'a'rezli boladı. İ.A.Zimnyaya bunı psixologiyalıq baylanıs, yamasa, «o'z-ara ta'sir etiwshi ta'replerdin' bir-birine qızıg'ıwshılıg'ına ha'm isenimine baylanıslı eki ta'repleme kelip shıg'atug'ın psixikalıq jag'daydın' ulıwmalıg'ı» dep ataydı.

Toparlıq ulıwmalıqtı qa'liplestiriwdi jen'il — emotsionallıq, intellektual, kommunikativ ha'm t.b. shınıg'ıwlardan baslaw mu'mkin.

Oqıwshılar «Sen sabaqtan ne ku'tip atırsan'?», «Bul tema boyınsha sag'an neler ma'lim?» degen sorawlarg'a qısqa juwap beriwi mu'mkin.

Dıqqattı ja'mlestiriw ushın mug'allim oqıwshılarg'a eki-u'sh shınıg'ıwdı usınıs etse boladı; kerekli auranı jaratıw ushın sabaqqa epigraf tan'law, oqıtıwshının' basqasha sa'lemlesiwi sıyaqlı oqıtıwdın' «a'piwayı» detalları jaqsı ja'rdem beredi.

## 1.2. Toparlıq xızmetti sho'lkemlestiriw

Toparlıq xızmet degen ne? İnteraktiv oqıtıw usılları qollanılatug'ın pedagogikalıq protseste ol qanday o'zgesheliklerge iye? Bul sorawlarg'a juwaplar oqıw-ta'rbiya protsesinde oqıwshılardın' toparlıq xızmetin sho'lkemlestiriwde ja'rdem beredi. V.A.Mijerikovanın' psixologiyalıq-pedagogikalıq so'zliginde toparlıq xızmet so'z dizbegine anıqlama berilgen. «Toparlıq xızmet – toparg'a kiriwshi adamlar ha'reketinin' mexanikalıq summasına ten' bolmag'an sotsiologiyalıq ha'm sotsial-psixologiyalıq fenomen, qarım-qatnas o'nimi. Toparlıq xızmet bir-birine bag'ınıshlı bolg'an ha'm tiykarınan maqsetleri boyınsha ajıralıp turatug'ın tu'rlerge bo'linedi: ja'ma'a'tlik ha'reket, birgeliktegi ha'reket, bir waqıttag'ı ha'reket».

***Toparlıq xızmetti analizlew ushın mınalardı esapqa alıw kerek:***

- ha'reket komponentleri;
- ma'selelerdi sheshiw;
- topar ag'zalarının' rol'leri;
- ha'rekettin' mazmunı;
- na'tiyje.

## Ha'reket komponentleri

- Topardın' tabıslı ha'reketke alıp baratug'ın funktsiyaları.
- *Ma'selelerdi sheshiw*
- Qollap-quwatlaw

## Topar ag'zalarının' rol'leri

- Baslamashı, islep shıg'arıwshı, koordinator, qadag'alawshı, bahalawshı, sholıwshı
- İlhamlandırıwshı, qarım-qatnastı sho'lkemlestiriwshi, qayırqom tın'lawshı.

## Ha'rekettin' mazmunı

Usınıslardı, mag'lıwmatlardı, pikirlerdi kirgiziw, qabıl etiw, olardı qayta islew

Baslamalardı qollap-quwatlaw, pikir bildiriwge iytermelew, o'zge pikirlerdi qabıl etiw.

## *Na'tiyje*

Topar ag'zalarının' barlıg'ın aldıg'a qoyılg'an maqsetke jetiw jolların izlewge mobilizatsiyalaw, bul toparlıq maqsetti jen'illestiredi.Son' sabaq mikroklimatın qa'liplestiriw oqıwshılardın' toparlarg'a birlesiwi basqıshında dawam etedi. Ayırım pedagoglar oqıwshılardı toparlarg'a «qa'lewi» boyınsha birlesiwdi usınıs etedi. Bunday qarım - qatnastın' plyus ta'repi ta'rbiyalanıwshılardın' jeke qatnasların esapqa alg'anda ko'rinedi. Biraq, onın' minus ta'repleri de bar: ku'shleri ten' bolmag'an toparlar qa'liplesedi, sonlıqtan da birgeliktegi ha'rekettin' na'tiyjeleri bir-birinen keskin parq etiwi mu'mkin; bunnan tısqarı, topardın' ishinde mınaday atmosfera ju'zege keliwi mu'mkin, oqıw ma'selesin sheshiw za'ru'rligi qarım-qatnasqa bolg'an qızıg'ıwshılıqtı ısırıp shıg'aradı.

İnteraktiv oqıtıw toparların qa'liplestirgende sabaq ma'selelerin de dıqqatqa alıw kerek.

*İtneraktiv oqıtıwdın' keyingi basqıshı* — oqıwshılardın' topardag'ı oqıw ha'reketlerin sho'lkemlestiriw. Ol bir neshe basqıshlardan ibarat: topar aldında turg'an oqıw ma'selesin o'zlestiriw; en' jaqsı sheshimdi izlew (dodalaw) protsesi; pikirlerdi ulıwmalastırıw ha'm toparlıq jumıstın' juwmaqların shıg'arıw; qoyılg'an ma'seleni pedagog ta'repinen belgilengen shegarada sheshiw prezentatsiyası.

Qag'ıyda boyınsha, pedagog ta'repinen toparlardın' aldına qoyılatug'ın oqıw ma'selesi oqıwshılar ta'repinen tu'rlishe qabıl etiledi. Bul oqıwshılardın' qabıl etiwinin' jeke o'zgeshelikleri menen tu'sindiriledi: birewler mug'allim qalay qa'lese, solay

tu’sinedi, basqaları dıqqatı bo’linip, bir-eki so’zdi esitpey qaladı ha’m o’zlerinshe «jalg’ap jiberedi», sonlıqtan da olardın’ ma’sele boyınsha tu’sinigi oqıtıwshınıki menen tuwra kelmeydi ha’m t.b.

Bunın’ u’stine topar ushın oqıw ma’selesinin’ mazmunı (bul og’ada za’ru’r) oqıtıwdın’ da’stu’riy formalarına qarag’anda basqasha xarakterge iye. Ma’selen, sabaqlıqtag’ı klasstın’ u’shten eki bo’legi o’z betinshe sheshe alatug’ın a’piwayı ma’seleni sheshiwdi toparg’a usınıs etiw kerek pe? Mashqalanın’ standart emes qoyılıwı oqıwshılardı bir-birinen ja’rdem sorawg’a, pikir almasıwg’a ma’jbu’rleydi — usılayınsha topardın’ ulıwma pikiri qa’liplesedi.

İnteraktiv oqıtıwda ma’selenin’ sheshimin izlew protsesinde oqıwshılardın’ ha’r qıylı ko’z-qaraslarının’ soqlıg’ısıwı ju’zege keledi. Oqıwshılar ushın (tek olar ushın g’ana emes) minez-qulıqtın’ en’ qıyın qag’ıydalarının’ biri sonda, klasslastın’ shaxsın ha’m toparlıq jumıs protsesinde ol atqaratug’ın rol’di ajıratıp biliw kerek. Ma’selen, baslamashı sıpatında oqıwshı qa’legen, en’ fantastikalıq ideyalardı ortag’a taslawı mu’mkin, bunda topardın’ basqa ag’zaları onın’ qıyalıy ekenligine ku’lmewi kerek.

G.A. Tsukerman interaktiv oqıtıw a’meliyatında o’z-ara ha’rekettin’ ha’m pozitiv, ha’m negativ u’lgilerin anıqlap alıwdı usınıs etedi.

Pozitiv u’lginin’ roli «ku’shlirek topardın’ a’zzi toparg’a o’z-ara ta’sir etiw mu’mkinshiliklerin xoshametlewde» ko’rinedi. Konfliktli jag’day keskinlesken negativ u’lgilerdi tallaw bolsa, «klassqa tek intuitiv seziwde g’ana emes, al, narazılıqlardın’ aldın alıw quralı sıpatında o’z-ara ha’reket normaların ha’m qag’ıydaların tu’siniwde, juwmaq shıg’arıwda ja’rdem beredi».

Pedagog jag’dayg’a qaray otırıp (klasstın’ oqıwdın’ toparlıq formasına tayarlıg’ı, ja’ma’a’ttin’ awızbirshilik da’rejesi ha’m t.b.) to’mendegilerdi a’melge asırıwı mu’mkin: a) da’slep o’z-ara ha’rekettin’ mu’mkin bolg’an ha’m mu’mkin bolmag’an formaların belgilew; b) konfliktli jag’daydı ku’tiw ha’m waqıya bolıp o’tkennen keyin oqıwshılardı topardag’ı minez-qulıq normaları menen tanıstırıw; v) birinshi jol menen ekinshi joldı qosa alıp barıw. Ayırım izertlewshiler (İ.İ.Rıdanova, G.A.Tsukerman ha’m t.b.) oqıtıwda birge islesiw formasına o’tkende u’sh-to’rt sabaqtı a’yne oqıwshılardı topardag’ı minez-qulıq normaları menen tanıstırıwg’a ajıratıw kerek, dep esaplaydı.

*Qa’nigeler interaktiv oqıtıw protsesinde to’mendegi minez-qulıq normaların ajıratıp ko’rsetedi:*

- birge islesiwde «aktyorlar» ha’m «tamashago’yler» bolmaydı, yag’nıy ha’mme qatnasıwshılar;
- topardın’ ha’r bir ag’zası so’zin bo’lmey tın’latıwg’a haqılı;
- seni tu’siniw ushın temadan shıg’ıp ketpey, qosımsha mag’lıwmatlardı qospay so’ylew talap etiledi;
- eger keltirilgen mag’lıwmat tolıq tu’sinikli bolmasa, «tu’siniw» ushın sorawlar beriw (mısalı, «Men durıs tu’sindim be?»), usınnan keyin g’ana juwmaq shıg’arıw kerek;
- shaxslar emes, al, ideyalar sıng’a alınadı;
- birge islesiwdin’ maqseti qanday da bir ko’z-qarastın’ «jen’isi»nde emes, al, mashqala boyınsha ha’r qıylı pikirlerdi biliw arqalı en’ jaqsı sheshimdi tabıwda ha’m t.b.

Bul jerde qarım-qatnastın’ awızeki emes quralların’ (intonatsiyalar, pauzalar, dialog qatnasıwshılarının’ bet-a’lpetinin’ ko’rinisleri, ha’reketleri, jaylasıwı) roli haqqında eske alıw orınlı. Hu’jim ruwxında, agressiv tu’rde berilgen soraw (eger juwap ta usınday hu’jim ruwxında bolsa) konfliktli jag’dayg’a ha’m kerisinshe, juwap beriwshini qorqıtıwı, onda isenimsizlik sezimlerinin’ payda bolıwına alıp keliwi mu’mkin. Bunday jag’daylarda pedagog o’zin tınıshlandırıwshı ha’m dıqqatlı koordinator sıpatında ko’rsetiwi kerek. Jag’daydı mınaday sorawlar menen jumsartıw mu’mkin: «Sen shınında da juwap alıwdı qa’leysen’ be yamasa tek ba’sekilesejaqsan’ ba?», «Usı ga’pti ja’ne bir ma’rte, biraq, basqa intonatsiya menen aytıp ko’r?», «Este saqlan’, tek so’ylep biliw emes, al, tın’lap biliw de adamnın’ ma’deniyatlılıg’ın ko’rsetedi» ha’m t.b.

Juwmaq shıg’arıw protsesi topardın’ berilgen wazıypanı qanshelli da’rejede orınlag’anın ko’rsetedi. Bul jerde ayırım «suw astı tasları» da bar, mug’allim olarg’a tayar bolıwı kerek. Ma’selen, topardın’ sheshimin ko’rsetkende, «topar ruporı»nın’ topardın’ emes, al, o’zinin’ pikirin bildirgeni anıqlanadı. Yamasa kerisinshe, qorg’aw protsesinde topardın’ ha’mme ag’zası da sheshimdi tu’sindiriw ha’m da’lillep beriw jag’dayında emes ekenligi ma’lim boladı. Demek, topardın’ bekkem birlesiw funktsiyası ele jetkilikli da’rejede a’melge asırılmag’an. Pedagog keleshekte topardın’ pikiri shınında da barlıq ag’zalardın’ ulıwma pikirin sa’wlelendiriwi arqalı klasstın’ dıqqatın keskinlestiriwden qorıqpawı kerek. Bul dodalaw dawamında bir-birewdi tın’lawdı

u'yreniw, o'zgelerdin' pikirin qabıl etiw, jol beriw ha'm kerisinshe, bir-birewdin' kewline tiymesten pozitsiyanın', pikirlerdin' ha'm t.b. durıslıg'ın da'lilleytug'ın argumentlerdi tabıw kerek ekenligin bildiredi.

Dodalaw topardag'ı ishki (kishi toparda) qarım-qatnastan toparlar aralıq qatnasqa o'tedi. Toparlıq sheshimler prezentatsiyasın sho'lkemlestiriw sabaqtın' oylap tabılg'an du'zilisinen g'a'rezli boladı ha'm ha'r qıylı formalarda rawajlanadı (L.İ.Umanskiydin' klassifikatsiyasına muwapıq).

### 1.3. Toparlar arasındag'ı mu'na'sibetlerdi sho'lkemlestiriw

- Toparlar aralıq mu'na'sibettin' formaları
- Toparlıq sheshimler prezentatsiyalarının' formaları
- Birgelikte – jeke

Ha'r bir topar o'z ha'reketlerinin' juwmag'ın ko'rsetedi; sheshimler dodalanıp, olardın' arasınan en' jaqsıları tan'lap alınadı («yarmarka»).

- Birgelikte – izbe-iz

Ha'r bir topardın' ha'reketinin' o'nimi ulıwma mashqalanı sheshiwde belgili bir basqısh («tekshe», «estafeta») boladı.

- Birgelikte – o'z-ara ha'reket etiwshi

Bul usınıslardan toparlıq sheshimlerdin' belgili bir aspektleri tan'lap alınadı, son' olardın' tiykarında ja'ma'a't ushın ulıwma juwmaq islep shıg'ıladı («mozaykalı kartinka»).

Dolalawdın' ashıq forması, interaktiv sabaqlardın' quramalı mazmunı ayırım oqıwshılardı bosastırıp jiberiwi mu'mkin: olar qarım-qatnas protsesine qızıg'ıp, o'z toparı sheshiminin' ulıwma ja'ma'a'tlik miynetke qanshelli enisetug'ını haqqında az oylaydı. Bunday jag'daylarg'a aldınan psixologiyalıq ha'm pedagogikalıq jaqtan tayar turıw kerek. Barlıq juwmaqlawshı pikirlerdi tın'lay otırıp, da'slep o'z-ara baha beriwge, son' toparlıq jumıstı bahalawg'a o'tin'. Ha'r bir topardın' u'lesinin' a'hmiyeti basqa sheshimler menen salıstırg'anda jaqsı anıqlanadı.

Bunday bahalaw interaktiv sabaqtın' keyingi - o'tilgen sabaqlardı refleksiya basqıshına o'tiwde ko'pir bolıwı mu'mkin. Bizge ma'lim, o'z-ara oqıw ha'reketi tek oqıw ma'selesin sheshiw funktsiyasın g'ana emes, al, topar ag'zaların qollap-quwatlaw funktsiyasın da atqarıwı tiyis. Eger birinshi funktsiya oqıw halatının' o'zinde ku'shine

kirse, ekinshi funktsiyanın' a'yne refleksiya basqıshında bahalanıwı a'melge asırıladı. Onın' qıyınshılıg'ı oqıwshılardın' o'z sezimlerin tu'singisi kelmewinde ha'm olardı jetkerip bere almawında ko'rinedi.

***Refleksiya*** (lat. *reflexio* - o'tmishke mu'ra'jat etiw, sa'wleleniw) – adamnın' o'z ha'reketlerin ha'm halatın tu'sinip jetiwine bag'darlang'an xızmeti.

Sonlıqtan da pedagog oqıwshılarg'a ju'z berip atırg'an ha'diyselerdi tu'siniwde ha'm o'z mu'na'sibetin adekvat tu'rde bildiriwge ja'rdem beretug'ın sorawlardı aldınan tayarlap qoyıwı kerek.

*Ma'selen:* Toparda islew an'sat pa? Kim o'zin qolaysız sezdi ha'm ne ushın? Toparda basshılıq rol'di o'zine alatug'ın adamnın' ha'reketleri ha'mme waqıtta durıs pa? Topardın' pikirin ko'rsetetug'ın, biraq, sheshimnin' durıslıg'ına tolıq isenbegen spiker qanday sezimlerdi basınan keshiredi? U'ndemey qalıwdı maqul ko'retug'ınlardın' pozitsiyası qanday na'tiyjege alıp keledi? So'ylewge imkaniyat berilmegen adam nelerdi basınan keshiredi? Ulıwma jumısqa neler ja'rdem beredi ha'm neler kesent keltiredi? Oqıtıwshının' ja'rdemi qanday bolıwı kerek? Birgeliktegi jumısta nelerge erisesen'? Topardın' jumısın qalay jaqsılaw mu'mkin?

Eger pedagog o'z ta'rbiyalanıwshılarının' ju'z bergen ha'diyselerdi tu'siniwin ha'm konstruktiv bahalawın qa'lese, ol oqıwshılardın' ha'r qıylı ko'z-qarasların qabıl etiwge tayar turıwı kerek. O'spirimler berilgen ma'sele boyınsha negativ pikir bildiretugın, yamasa olardın' pikirinshe, sabaq waqtında mug'allimnin' ja'rdemin jetkiliksiz dep esaplaytug'ın jag'daylar da boladı. Bunday pikir bildiriwdi toqtatıwg'a urınıw aldag'ı waqıtları oqıwshının' talqılawda da, toparlıq jumıstın' o'zinde de bas tartıwına alıp keliwi mu'mkin. Oqıw mug'allim menen oqıwshının' birgeliktegi ha'reketleri menen alıp barılatug'ının, sa'tsizliklerge ha'r eki ta'rep te juwapker bolatug'ının esletiw sha'rt emes.

Refleksiya basqıshının' na'tiyjeliligi sonday-aq, oqıwshılardın' o'zin-o'zi analizlewge tayarlıg'ınan da g'a'rezli boladı. Refleksiyanın' ha'r bir sabaqta bolıwına, da'slepki waqıtları og'an ha'mmenin' qatnasın ta'miyinlewge erisiw kerek (keyinirek bir neshe adamnın' juwapların tın'lasa boladı). Birinshi sabaqtan baslap «u'sh «bolmaydı» qag'ıydasın qabıl etiw kerek:

- aytılg'an na'rse boyınsha so'ylewge bolmaydı;

- o’z pikirin’di toparg’a bildiriwden bas tartıwg’a (qanday sebep bolsa da) bolmaydı;
- pikirin’nin’ astında o’zin’nin’ jaman keypiyatın’dı jasırıwg’a bolmaydı.

Pikir bildiriw barısında qaytalawlar bolmawı tiyis, sonlıqtan da oqıwshılardı olar basınan keshiretug’ın sezimlerdin’ uqsas, biraq, birdey bolmaytug’ınına tayarlaw kerek.

Jeke keshirmelerdi tabıw ha’m olardın’ o’zgesheliklerin ko’rsetiw (pu’tkil sabaq, ayırım epizod, konkret adam ha’m t.b. boyınsha) – mine bul waqıyalardı an’lap jetiw momenti. Bunın’ ushın mug’allim barlıq waqıtta oqıwshının’ pikirlerin qollap-quwatlawı, onın’ baslamaların dawam ettiriwi ju’da’ a’hmiyetli. Sonlıqtan da «Jaqsı so’zler ha’m pikirler» so’zligin ju’rgiziw kerek ha’m onda «Ba’rekella», «Aqıllı» so’zleri g’ana emes, al, «Sizdi ko’rgenimnen quwanıshlıman!», «Siz meni hayran qaldırdın’ız», «Sabaq ushın minnetdarman» ha’m t.b. so’z dizbekleri bolıwı tiyis.

Oqıwshılardın’ jumıs haqqındag’ı negativ pikirlerinen qorqıw kerek pe? Joq, olar ba’rqulla, a’sirese, birinshi sabaqlarda ushırasadı, sebebi, oqıwshılardın’ barlıg’ı da oqıwdın’ bunday qızg’ın pikir alısıwlarg’a bay, emotsional’ ha’m intellektual’ formasına tayar emes. Biraq, jas o’spirimlik da’wirde negativizmnin’ payda bolıwı yamasa oqıwshılardın’ jumısının’ sa’tsiz sho’lkemlestiriliwi sebepli ju’zege kelgen negativ bahanın’ dereklerin tu’sindiriw ushın pedagog bul oqıwshının’ ba’ntligin ha’m emotsional’ jag’dayın analizlewi kerek. Ol toparlıq jumısqa qabıl etilgen be? Oqıwshıg’a (onın’ pikirlerine) klasslasları, pedagog ta’repinen qısım jasalmag’an ba? Oqıw tapsırmalarının’ mazmunı bul oqıwshının’ ku’shi ha’m mu’mkinshiliklerine sa’ykes kele me?

İnteraktiv oqıtıw tiykarlarının’ da’stu’riy oqıtıwdan ayırmashılıg’ı oqıwshılardın’ ha’reketin a’dettegi bahalaw sistemasın qayta qarap shıg’ıwdı talap etedi, bul sub’ektiv oqıtıwg’a bag’darlang’an barlıq jumıslarg’a ta’n.

V.Bolotov, Dj. Spiro: «Oqıtıwdın’ jan’a sistemasında oqıwshılar ta’repinen jol qoyılg’an qa’teshiliklerge mu’na’sibet o’zgeredi, oqıtıwshının’ dıqqat orayı juwaptın’ durıs alınıwınan sol juwaptın’ qalayınsha alıng’anlıg’ın tu’siniw menen birigip ketedi, bular og’ada a’hmiyetli. Oqıwshılardın’ qa’teshiligin mug’allim oqıw protsesinin’ bir bo’limi sıpatında paydalanadı, olar menen birge esap-sanaqqa alıp keletug’ın oylaw logikasın analizleydi, usılayınsha oylaw jetilisedi».

G.A. Tsukerman: «Birgeliktegi jumıstın' qa'teshiliklerin tallawdın' baslı printsipi: ma'nili qa'telerdi emes, al, birge islesiwdin' barısın tekserip ko'riw… topardın' jumısın bahalawda tek oqıwshılıq emes, al, shıdamlılıq, haq kewillilik, doslıq, a'lpayımlıq, ken'peyillik sıyaqlı al, adamgershilik pazıyletlerdi de belgilep ko'rsetiw kerek… Tek topardın' ulıwma jumısın bahalaw mu'mkin, birge islesken balalarg'a hesh qashan ha'rqıylı baha qoymaw kerek».

İnteraktiv oqıtıw pedagogtın' jumısına qoyılatug'ın talaptı belgili da'rejede o'zgertedi. Eger u'yrenilip atırg'an materialdı o'zlestiriw birinshi orında tursa, onda informativlik (sabaq dawamında oqıwshıg'a ko'birek mag'lıwmatlardı beriw) sabaq kriteriyası sıpatında oqıtıwshının' ha'reketi analizinin' jetekshi pozitsiyasınan keyinge qoyıladı. V.N. Sokolovtın' pikirinshe, pedagog bilimlendiriw sistemasın rawajlandırıwdın' a'hmiyetli talaplarınan kelip shıqqan halda *to'mendegi qa'biletlerge iye bolıwı kerek:*

- ma'selelerdi izertlewdi oqıwshı ta'repinen jeke baslama sıpatında qabıl etiletug'ınday etip sho'lkemlestiriw;
- oqıw halatların oqıwshılar ushın maqsetke muwapıq sho'lkemlestiriw, olardın' ku'shlerin integratsiyalawg'a iytermelew;
- klassta oqıw atmosferasın jaratıw ha'm oqıwshılarg'a ja'rdem beriw;
- o'z-ara pedagogikalıq ha'reketlerdi pedagogtın' oqıwshılardın' reaktsiyalarına ta'sir ku'shi sıpatında tu'sine otırıp, standart emes oqıtıw ha'm shaxslar aralıq halatlardı sheshiw;
- o'zinin' ilimiy abırayın saqlay otırıp, oqıwshılarg'a ja'rdemlesiw, olarg'a g'a'rezli bolıp qalmaw, jeke minez-qulıqta o'z betinshe ha'reket etiw.

*Solay etip, interaktiv oqıtıwdı sho'lkemlestiriw metodikasının' tiykarları to'mendegi qag'ıydalardı o'z ishine aladı:*

- sabaq temasının' mashqalasın anıq tabıw;
- dialogqa jaylasatug'ın oqıw ken'isligin sho'lkemlestiriw;
- biliw protsesinde oqıwshılardın' ha'm pedagogtın' birgeliktegi ha'reketlerine motivatsiyalıq tayarlıq;
- oqıwshılardı qoyılg'an ma'seleni sheshiwge iytermeleytug'ın arnawlı jag'daylardı jaratıw;

- oqıwshılar ha'm pedagog ushın birge islesiw qag'ıydaların islep shıg'ıw ha'm qabıl etiw;
- qarım-qatnastın' haq kewillilik intonatsiya, konstruktiv sorawlardı beriw qa'bileti ha'm t.b. sıyaqlı «qollap-quwatlawshı» usılların qollanıw;
- protsessti ha'm birgeliktegi is-ha'rekettin' na'tiyjesin bahalaw sistemasın optimallastırıw;
- analizlewdin' ha'm o'zin-o'zi analizlewdin' ulıwma toparlıq ha'm jeke ko'nlikpelerin rawajlandırıw.

Sonda interaktiv oqıtıw oqıwdag'ı o'z-ara ha'reketlerdi sho'lkemlestiriwde sub'ektiv jantasıwdı, ha'r bir sabaqta oqıwshılardın' kommunikativ ko'nlikpelerinin' ha'r qıylı formasın islep shıg'ıwdı, olardın' belsendi biliw pozitsiyasın qa'liplestiriwdi a'melge asırıw imkanın beredi. O'z gezeginde bular zamanago'y ta'lim-ta'rbiya protsesinin' a'hmiyetli bilimlendiriw talaplarına sa'ykes keledi.

## 1.4. Ta'limnin' aktiv usılları

*Ta'limnin' aktivligi* – ta'lim alıwshılardın' aktivligin sho'lkemlestiriwin ta'miynlep beriwshi ta'lim.

*Ta'limnin' aktiv usılları* – ta'lim alıwshılardın' bilim arttırıw xızmetin u'sheyttiriw usılları bolıp esaplanadı. Tiykarınan mashqalanı sheshiw jolların izlewde erkin pikir almasıw dialogi tiykarında ku'rıladı. A'sirese ken' tarqalg'an ha'm o'zine ta'n o'zgeshelikke iye bolg'an ta'limnin' aktiv usıllarına to'mendegiler kiredi.

Sa'wbetlesiw, «keys-stadi», joybarlaw usılı, mashqalalı usıl, miyge xu'jim ha'm basqalar.

*İnteraktiv ta'lim* – ta'lim beriwshi ha'm ta'lim alıwshı ortasındag'ı o'z-ara ha'reketti a'melge asırıwshı dialoglı ta'lim.

Ha'zirgi da'wir oqıtıw formaları talabalardı erkin do'retiwshilikke, pikirlewge, islewge bag'darlang'anlıg'ı menen a'hmiyetli bolıp esaplanadı.

Ha'r bir sabaq tema oqıw predmetinin' o'zine ta'n texnologiyası bar, yag'nıy oqıw protsesindegi pedagogikalıq texnologiya – bul jeke ta'rtiptegi protsess bolıp, ol oqıwshı talabanın' za'ru'rliginen kelip shıqqan jag'dayda, bir maqsetke bag'darlang'an, aldınnan joybarlastırılg'an ha'm kepillengen na'tiyje beriwge qaratılg'an pedagogikalıq protsess.

*Bul pikirimizdi to'mendegishe sızıwlı formada ko'remiz.*

Oqıtıwshı ……………………………………….. Oqıwshı

Talaba

Joqarıdag'ı sızılmadan ko'rinip turg'anınday, maqset a'melge asıwı ha'm tolıq isenimli na'tiyjege erisiw ha'm oqıtıwshı, ja'ne oqıwshının' birgeliktegi xızmeti ha'm olar qoyg'an maqset, tan'lag'an mazmun, metod, forma, oqıw quralına, yag'nıy texnologiyag'a baylanıslı.

Oqıtıwshı talabanın' 'aqsetten na'tiyjege erisiwde qanday texnologiya tan'lawı o'z ıqtıyarında, sebebi ha'r eki ta'reptin' tiykarg'ı maqseti anıq na'tiyjege erisiwge qaratılg'an.

Oqıw protsesin aldınnan joybarlastırıw za'ru'r, bul protsesste oqıtıwshı oqıw predmetinin' o'zine ta'n ta'repin sha'rayatın, en' tiykarg'ısı, oqıwshının' imkaniyatın ha'm za'ru'rligin ha'm birgeliktegi xızmetin sho'lkemlestire alıwın esapqa alıw kerek, sonda g'ana kerekli na'tiyjege erisiw mu'mkin.

Oqıtıwshı ta'repinen ha'r bir sabaqtı jeke jag'dayda ko're biliw ha'm onı ko'z aldına keltiriw ushın bolatug'ın sabaq protsesin rejelestirip alıw za'ru'r. Bunda oqıtıwshıg'a ol ta'repten o'tiletug'ın sabaqtın' texnologiyalıq qarastın' du'zip alıw u'lken a'hmiyetke iye, sebebi sabaqtın' texnologiyalıq kartası ha'r bir temag'a, ha'r bir sabaq ushın oqıtılatug'ın predmet, pa'nnin' o'zgesheliklerinen, oqıwshı talabalardın' imkaniyatı ha'm za'ru'rliklerinen kelip shıg'adı.

## Rezyume

*Oqıw sabaqların interaktiv sxema boyınsha sho'lkemlestiriw oqıwshılarg'a to'mendegidey qolaylılıqlardı tuwdıradı:*

- o'zinin' belsendi ha'reketi arqalı bilimlerdi o'zlestiriw mu'mkinshiligi;
- za'ru'rli bilim ha'm ko'nlikpelerdi tez iyelew ushın topar ag'zalarının' (sheriktin') qollap-quwatlawınan paydalanıw;
- qoyılg'an ma'selelerdi sheshiwde o'zinin' jeke usılların maksimal da'rejede qorg'aw mu'mkinshiligi;
- didaktikalıq protsesstin' barısına belsene aralasıw.

Solay etip … Zamanago'y bilimlendiriw halatı oqıw protsesi qatnasıwshıları arasında o'z-ara ha'rekettin' jan'a formaların tabıwdı ha'm o'zlestiriwdi talap etedi.

# OQIW PROTSESİN SHO'LKEMLESTİRİW TEXNOLOGİYALARI

## 2.1. «Oqıtıw texnologiyası» tu'sinigi

Ha'zirgi zaman pedagogikası ko'z-qaraslardı qayta qarap shıg'ıw, bir qatar eskirgen da'stu'rlerden waz keshiw da'wirin basınan keshirmekte. Oqıw protsesin sho'lkemlestiriwdin' texnologiyalıq aspektlerine mu'ra'jat etiw pedagogikanın' rawajlanıw barısına baylanıslı. 1980-jıllardın' aqırlarında-aq oqıtıwg'a da'stu'riy qatnaslardı sıng'a ala otırıp, V.K.D'yachenko «... tek oqıtıwdın' mazmunın, sho'lkemlestiriw formaların, usılların ha'm quralların jetilistirip g'ana qoymastan, onı tu'p-tiykarınan o'zgertiw de za'ru'r» ekenligin tastıyıqlag'an edi.

Bu'gin «texnologiya» tu'sinigi og'ada ken' tarqalg'an pedagogikalıq terminlerdin' biri bolıp tabıladı. Bul onın' a'meliy a'hmiyetliliginen g'ana emes, al, onı teoriyalıq o'zlestiriwdin' ha'zirshe baslang'ısh basqıshlarınan derek beredi. Sonlıqtan da qa'nigelesken a'debiyatta «pedagogikalıq texnologiya», «oqıtıw texnologiyası», «sho'lkemlestiriw texnologiyası» ha'm t.b. terminler bar. T.S.Nazarova pedagogikalıq texnologiyanı ha'm oqıtıw texnologiyasın to'mendegishe ajıratıwdı usınıs etedi:

«Oqıtıw texnologiyası pedagogikalıq texnologiyag'a jaqın, biraq, og'an uqsamaydı. Sebebi, ol belgili bir pa'n, tema, ma'sele do'gereginde ha'm tan'lang'an texnika shen'berinde konkret oqıw materialın (tu'sinigin) o'zlestiriw jolın ko'rsetedi. Oqıtıw texnologiyası o'zgeriwshen' ha'm ayırım usıllarg'a uqsap ketedi...

*Olardın' wazıypası* – oqıtıwshıg'a do'retiwshilik funktsiyalardı beriw jolı menen oqıtıw protsesinin' na'tiyjeliligin saqlag'an halda onı sho'lkemlestiriwdi a'piwayılastırıwdan ibarat».

Usıg'an baylanıslı pedagogikalıq protsess teoriyası ha'm a'meliyatında burın bolmag'an da'stu'r ju'zege keldi: bilimlendiriwdin' anaw yaki mınaw kontseptsiyasın usınbastan aldın, onın' texnologiyasın, yag'nıy, a'melge asırıw sistemasın ko'rsetiw kerek. Sonlıqtan da interaktiv oqıtıwdın' metodikalıq tiykarların tu'sinip jetkennen keyin bilimlendiriw dawamında oqıtıwdın' o'z-ara optimal ha'reketlerin sho'lkemlestiriw texnologiyasına mu'ra'jat etemiz.

Oqıtıwdın' interaktiv usılı ja'ma'a'tlik mu'na'sibet penen tolıq baylanıslı. Ja'a'ma'tlik oqıtıw ideyası («ha'mme bir adamdı, bir adam ha'mmeni oqıtadı») jan'alıq

emes, biraq, ha’r bir da’wir maqsetlerdi, mexanizmlerdi, na’tiyjelerdin’ bahasın anıqlawda o’zinin’ ta’sirin ko’rsetedi.

İnteraktiv oqıtıwdın’ ken’ mu’mkinshilikleri «ju’kleme» dep atalg’an oqıtıw formasında da a’melge asırılıwı mu’mkin. Ju’kleme usılı menen oqıtıw ideyası M.P.Shetinin ta’repinen usınıldı.

Ju’kleme payıtında oqıwshı sabaqtın’ ha’r bir minutında dıqqatlı, belsendi, pikirin bir jerge ja’mlegen bolıwg’a ma’jbu’r. Bunda ol tek o’zi haqqında g’ana emes, al, joldasları haqqında da oylawı tiyis, olarg’a ja’rdem kerek bolıp qalıwı mu’mkin, nege degende, oqıw-biliw ha’reketi ja’a’ma’tlik miynet sıpatında sho’lkemlestiriledi. Oqıw stollarının’ a’dettegi jaylasıw ta’rtibi o’zgertilgen. Balalar to’rt-bes adamnan toparlarg’a bo’lingen… Qag’ıyda boyınsha, derlik ha’mme mug’allim ha’m oqıwshı, alıp barıwshı ha’m basqarıwshı, ja’a’ma’tlik jumıstın’ sho’lkemlestiriwshisi ha’m onın’ a’piwayı qatnasıwshısı rolin atqaradı, biraq, ulıwma tabısqa erisiwden, yag’nıy, oqıtıwshının’ tapsırmasın orınlawdan ma’pdar.

İnteraktiv oqıtıwdın’ na’tiyjeliligin arttıratug’ın belgili bir jag’daylar bar. Olardın’ ishindegi en’ a’hmiyetlisi – oqıw ken’isligin sho’lkemlestiriw. O’z-ara ha’rekettin’ dialoglıq forması sa’wbetlesiwshilerdin’ bir-birinin’ betine qarap mu’ra’jat etiwin go’zleydi. Sonlıqtan da partalardı da’stu’riy etip jaylastırıw bul jerde onsha tuwrı kelmeydi, sebebi, balalar o’zlerinin’ aldında otırg’an oqıwshılardın’ en’sesine qarap otırıp, tek bir adamnın’, mug’allimnin’ g’ana ju’zin ko’re aladı.

Toparlardın’, ha’r bir topardag’ı oqıwshı sanının’ qansha bolıwına qaramastan orınlıqlardı jaylastırıwdın’ optimal’ variantların izlew kerek.

## 2.2. «Pedagogikalıq texnologiya» tu’sinigi

Ta’limdi sho’lkemlestiriw boyınsha Farabiydin’ «Fan va aql zakovat» shıg’armasında oqıw pa’nlerin toparlarg’a bo’lip oqıtıw, olardın’ ta’rbiyalıq a’hmiyetin ashıp beriw ma’selelerine itibar berilgen. Ul ma’seleler Ulug’bek da’wirinde de ko’terilip belgili da’rejede a’melge asırılg’an.

Oqıtıwshılıq ka’sibi payda bolıwı menen ta’lim-ta’rbiya beriw usılları da payda bola basladı. Tarixiy protsesste ta’lim-ta’rbiya usılları ju’da’ ko’p bolıp, bu’gingi ku’nge kelip ishinen ayırımları ajralıp alınıp saqlanıp qalg’an. Saqlanıp qalg’anların ulıwma ta’repleri esapqa alıng’an halda, olardı to’mendegilerge ajıratıw mu’mkin:

1. *«Da'stu'riy usıllar»* dep atalıp, ol talaba jaslarg'a bilimlerdi «jetkerip beriw» da'rejesine tiykarlanadı. Olarg'a «aytıp beriw», «ko'rsetip beriw», «soraw-juwap» h.t.b.

2. *«İnteraktiv usıllar»* dep atalıp, bunda bilm alıwshılardı bilimdi o'zlestiriwde «aktivlestiriw» printsiplerine su'yenedi. Olarg'a «mashqalalı sabaq», «miyge hu'jim», «kishi toparlar menen islesiw», «rol'lli oyın» ha'm usıg'an uqsas ko'plegen usıllar kiredi.

3. *«İlgeri yaki zamanago'y usıllar»* dep atalıp ta'lim-ta'rbiya protsesin jedellestiriw ha'm na'tiyjeli asırıw printsipine tiykarlanadı. Olarg'a «programmalastırıw», «modul'lli oqıtıw», «texnologiyalıq karta usılı» kiredi.

XX a'sir aqırlarına kelip du'n'ya pedagog alımlarının' aldında, insaniyat jaratqan ha'mme pedagogikalıq usıllardın' barlıq jaqsı ta'replerin birlestiriwshi, sonın' menen bir qatarda onnan paydalanıw qolay bolg'an pedagogikalıq usıldı tabıw ma'selesi ku'ndelen' bolıp turg'an.

XX a'sir aqırlarıda bunday usıl Amerika alımları ta'repinen jaratılg'an bolıp «Pedagogikalıq texnologiya» dep ataladı. Bul usıl barlıq rawajlang'an ma'mleketler pedagog alımları ta'repinen o'z aymag'ına sa'ykeslestirip «Jan'a pedagogikalıq texnologiya», «İlger pedagogikalıq texnologiya», «Zamanago'y pedagogikalıq texnologiya» dep atala basladı. Pedagogikalıq texnologiya ideyası ma'mleketimiz g'a'rezsizlikke eriskennen keyin, bizdin' elimizge ha'm tu'rli atamalar menen kirip kele basladı. Ha'zirgi waqıtta pedagogikalıq texnologiyanın' o'zine ta'n teoriyalıq tiykarları qa'liplesken bolıp ayrım qa'niygeler ol o'z aldına pa'n sıpatında oqıtılıwı kerek degen pikirdi xa'm bildirmekte. Bizdin' pikirimizshe, pedagogikalıq texnologiya pedagogikanın' «metodika» dep atalg'an bo'liminin' tikarg'ı bo'limi bolıp, ol ta'lim-ta'rbiya protsesin a'melge asırıwdın' zamanago'y texnologiyalasqan usılı. Bul usıl da'slepki sabaq beriw usıllarınan bir qansha quramalasqan bolıp, onın' o'zine ta'n printsipleri bar.

***Olar to'mendegiler:***

*Birinshi printsip:* ta'lim-ta'rbiya potsesinin' rejesin du'ziwde ha'm onı a'meliyatda qollawda, a'lbette «kompleksli qaraw» printsipine qatan' ra'wishte a'mel qılıw.

*Ekinshi printsip:* ta'lim-ta'rbiya protsesin rejelestiriwde ha'm sol reje boyınsha ta'lim-ta'rbiya protsesi a'melge asırıwda, didaktikanın barlıq printsipine a'mel qılıw.

*U’shinshi printsip:* ta’lim-ta’rbiya protsesinin’ rejesin du’ziw protsesinde qatnasatug’ın barlıq elementlerdi «maqsetler», olarg’a ajıratılg’an «waqıt», «bilimler dizimi», «sabaq tu’ri ha’m tipi», «pedagogikalıq usıl ha’m uslıblar», «axborot texnologiyaları» ha’m «didaktikalıq materiyal»lardın’ qollanıw orınların aldınnan belgilep alıw.

*To’rtinshi printsip:* ta’lim-ta’rbiya protsesin rejelestiriwde ha’m onı a’melge asırıwda talabalar ta’repinen men’geriletug’ın bilimlerdi erkin tu’rde tabıwg’a jol ko’rsetip beriw.

*Besinshi printsip:* oqıw shınıg’ıwları protsesinde, talabalar bilimlerin an’law, este saqlaw ha’m a’meliyatta qollaw sıyaqlı protsesslerdi bir waqıttın’ o’zinde alıp barıwg’a erisiw.

*Altınshı printsip:* maqsetlerdin’ na’tiyjeleri formasında bolıwına erisiw.

*Jetinshi printsip:* oqıw shınıg’ıwlarının’ son’ında barlıq talabalardın’ o’zlestiriw da’rejesin anıqlaw.

## Pedagogikalıq texnologiya printsipleri tiykarında oqıw shınıg’ıwların joybarlastırıwda orılanatug’ın wazıypalar

1. Oqıw pa’nin makro modul’ dep alınıp, onda beriletug’ın ayırmashılıg’ın u’lken, orta, kishi modul’lerge ajıratıp, olardın’ maqsetleri ha’m olarg’a ajıratılatug’ın waqıttı belgilew.

2. Ha’r bir modul’ ishinde beriletug’ın bilimler arasınan «tayanısh» tu’siniklerin ajıratıw.

3. «Tayanısh» tu’sinikler tiykarında baqlaw sorawları du’zilip, talabalar bilim ha’m ko’nlikpelerin bahalaw tu’r ha’m mezonların belgilew.

4. Oqıw shınıg’ıwlarının’ ha’r bir kishi modu’linde qollanılatug’ın sabaq tu’ri ha’m tipin belgilew.

5. Ha’r bir kishi modul’de qollanılatug’ın pedagogikalıq uslublardın’ ornın tawıp qoyıw.

6. Oqıw ornında bar bolg’an axborot texnologiyalardan kelip shıg’ıp, belgili shınıg’ıwdı a’melge asırıwda ha’r bir kishi modul’de paydalanatug’ın axborot texnologiyalardın’ qollanıw orınların belgilep alıw.

7. Ta'lim-ta'rbiya protsesinde, ha'r bir kishi modul' paydalanatug'ın didaktikalıq materiallardın' ornın belgilew.

***Pedagogikalıq texnologiya printsipleri tiykarında du'ziletug'ın joybarlar bir neshe tu'rge ajıratıladı:***

1. Joybarda izertlew ha'm izleniw usıllarına jetekshilik etse, onı izertlewshi joybar dep aytamız.
2. Joybarda bilim iyelew usılına tiykarg'ı …… berilgen bolsa, onı monojoybar dep ataymız.
3. Joybar o'zinin' koordinatsion minezlemesine qarap …….

Joqarıda sanap o'tilgen jeti printsipke juwap beriwshi wazıypanı orınlay alatug'ın pedagogikalıq usıllar g'ana pedagogikalıq texnologiya dep ataw mu'mkin boladı, basqa barlıq usıllarda, a'dewir interaktiv ha'm jana bolsa da, olardı pedagogikalıq texnologiya dep ataw nadurıs.

*Pedagogikalıq texnologiya* – bul ja'miyet za'ru'rliklerinen kelip shıg'ıwshı aldınan belgilep qoyılg'an, insan sotsial sıpatların …… qa'liplestiretug'ın oqıw protsesin kompleks sıpatında ko'rip, onı sho'lkemlestiriwshi bo'limleri bolg'an oqıtıwshının' oqıtıw quralları ja'rdeminde oqıwshılarg'a belgili bir sha'rayatta belgili izbe-izlikte ha'm belgili bir pedagogikalıq usıllardan paydalanıp, ko'rsetken ta'lim ta'sirin baqlawshı ha'm na'tiyjesin bahalap beriwshi texnologiyalasqan ta'limlik ilajı bolıp esaplanadı.

## 2.3. İnteraktiv oqıtıwda oqıw ken'isligin sho'lkemlestiriw

Pedagogikalıq protsesste «oqıw ken'isligi» so'z dizbegi bu'gingi ko'z-qarastan alıp qarag'anda oqıw xızmetinde qatnasıwshılardın' bir maqset jolında birlesiwin g'ana emes, al, pedagog penen oqıwshılardın' mashqalalardı, aqılıy ma'selelerdi sheshiwge bag'darlang'an o'z-ara birge islesiw formaların da o'z ishine aladı.

Oqıw ken'isliginin' a'dettegidey sho'lkemlestiriliwinin' o'zgertiliwi, qoyılg'an ma'selelerdi birgelikte sheshiw mu'mkinshiligi oqıwshılardı oqıtıwdın' da'stu'riy emes formalarına tayarlaydı. Paradoks ju'zege keledi: oqıwshılarg'a da'slep ku'tilmegen bolıp ko'ringen oqıtıw usılları waqıttın' o'tiwi menen olar ushın tanıs ha'm aldınnan ku'tilgen bolıp qa'liplesedi. Oqıw ken'isligi a'dettegiden basqasha etip sho'lkemlestirilgen klassqa kirgen oqıwshılarda oqıw ha'reketinin' jan'a formasına

enisiwge tayarlıq reaktsiyası ju'zege keledi. L.S.Vıgodskiy: «Konkret waqıyanın' baslanıwın ku'tiw minez-qulıqtı jen'illestiredi» dep biykarg'a atap o'tpegen edi. İshki tayarlıq oqıwshılarg'a interaktiv oqıtıwdın' forma ha'm mazmunına beyimlesiw ushın waqıttı qısqartıw imkanın beredi.

Mikrotoparlarda (eki, u'sh adam) ha'm kishi toparlarda (to'rt adamnan jeti adamg'a shekem) oqıw ha'reketlerin sho'lkemlestiriwdin' konkret mısallarına o'temiz.

## 1. Toparlıq jumıstı juplıqlarda sho'lkemlestiriw

Oqıw juplıg'ı (diada) jiyi jag'dayda oqıtıwshılar ta'repinen materialdı o'zlestiriwdi bekkemlew ushın trening sıpatında qollanıladı. «Haqıyqatında, - deydi Yu.Z.Gil'bux, - hesh na'rse o'zlestirilgen materialdı basqa adamg'a aytıp beriwdey etip u'yretiwge ja'rdemlese almaydı». Sonlıqtan da juplıq jumıs jiyi jag'dayda to'mendegidey bazalarda qurıladı:

- oqıw materialının' belgili bir bo'limin bir-birewge izbe-iz aytıp beriw;
- islengen jumıstı o'z-ara tekseriw (programmalastırılg'an qadag'alaw elementlerin qollanıw mu'mkin);
- interv'yu rejimindegi jumıslar (aldınnan tayarlang'an sorawlarg'a juwap beriw);

Dinamikalıq juplıqlarda jumıs alıp barıwdın' «xorovod» forması da bar.

Oqıwshılar ten'dey eki toparg'a bo'linedi, olardan eki – ishki ha'm sırtqı shen'ber du'ziledi. İshki shen'berdegi oqıwshılar pu'tkil jumıs dawamında o'zlerinin' orınlarında qaladı. Sırtqı shen'berde (O) jaylasqan oqıwshılar bolsa, ha'r kishi dialogtan son' shepke qa'dem taslaydı ha'm o'zinin' jan'a sa'wbetlesinin' aldına barıp turadı.

***«Xorovod»*** – oqıw juplıqlarının' jumısların sho'lkemlestiriw texnologiyası. Oqıw dialogı qayta-qayta ta'kirarlanadı. Da'slepki waqıtta jumıs reproduktiv (este qalg'an na'rseni su'wretlew) xarakterge iye boladı. Biraq, a'meliyatshı-pedagoglardın' pikirinshe, ha'r bir jan'a dialog neleri menendur (intonatsiyaları, pauzaları, sorawları ha'm t.b.) aldıng'ısınan o'zgeshelenip turadı. Xorovodta bir teksttin' qayta-qayta aylandırıla berilgenine qaramastan, ko'p ma'rte aytıw ha'm tın'law na'tiyjesinde onı o'zlestiriw da'rejesi keskin artadı.

**Qarım-qatnastı u'yrenemiz.** Oqıwshılarg'a bir-birin «soraw beriwshi» ha'm «juwap qaytarıwshı» rol'lerinde emotsional' seziniwine ja'rdem beriw ushın olar menen «Meni tu'sin» oyının o'tkeriw mu'mkin.

Ha’r bir juplıqtın’ qatnasıwshıları rol’lerdi bo’lisip aladı: biri – «qızg’ın liniya» («goryachaya liniya») xızmetinin’ wa’kili, ekinshisi – onın’ xızmetinen paydalanıwg’a qarar etken adam, sebebi, onda mashqalalar (jeke, oqıwda, dostında ju’z bergen qolaysız ha’diyselerge tınıshsızlanıw ha’m t.b.) ju’z bergen. O’z mashqalaların aytıp atırg’an adam, a’lbette, ja’rdemge isenedi. O’z gezeginde «qızg’ın liniya» wa’kili ja’birkeshtin’ so’zlerin passiv tu’rde tın’lap g’ana qoymastan, mashqalalardın’ sheshimin izlewge belsene kirisiwi de kerek.

Qatnasıwshılardın’ ha’r bir juplıg’ının’ stulları olar bir-birine qarap otırg’an halda dawıs ko’termesten so’ylese alatug’ınday etip jaylastırıladı. Baslawshı mashqalanı dodalawdı baslawdı usınıs etedi.

«Ushırasıw» baslang’annan son’ bes minuttan keyin baslawshı jan’a sha’rt kirgizedi: «qızg’ın liniya» stulda tu’rgelip turadı, ja’birkesh bolsa otıra beredi. Mashqalanı dodalaw dawam etedi (5-7 minut). Bunnan keyin ha’r bir juplıqtın’ qatnasıwshılarına to’mendegi sorawlarg’a juwap beriw usınıs etiledi: Qay waqıtta so’ylesken jen’il: jaqınnan turıp pa ya alıstan ba? Ken’isliktegi bo’liniw payıtında ha’r bir juplıq nelerdi sezdi? Jan’a g’ana oynalg’an halat penen mektep turmısı epizodları arasında qanday parallel’di ju’rgiziw mu’mkin? Oqıw juplıqları qatnasıwshılarının’ optimal’ pozitsiyası qanday bolıwı kerek ha’m t.b.

Oyın Men <-> Sen baylanısın esapqa ala otırıp, o’zinin’ dialog ju’rgiziw stilin bahalawg’a, o’zinin’ pozitsiyasın du’zetiwge ja’rdem beredi.

## 2. Toparlıq jumıstı u’shliklerde sho’lkemlestiriw

Sıyqırlı «u’sh» sanı ha’r qıylı birikpeler tolqının keltirip shıg’aradı: ertektegi u’sh ma’rte sınaw, u’sh apalı-sin’lililer, u’sh jol ha’m t.b.

Biraq, a’meliyatshı-mug’allimler oqıw jumısında u’shliktin’ mu’mkinshiliklerinen derlik paydalanbaydı. Sonın’ menen birge ilimiy-metodikalıq a’debiyatta u’shlikte sho’lkemlestirilgen oqıw protsesinin’ ayrıqsha na’tiyjeliligi ko’zge taslanadı. İ.A.Zimnyaya u’shliktegi oqıw ha’reketinin’ imkaniyatları retinde to’mendegilerdi atap o’tedi:

- da’lillerge su’yenip birge islesiw (ju’zege keletug’ın ideyalar sanının’ ko’pligi esabınan);
- topardın’ baylanıslılıg’ı ha’m o’zgeriwshen’ligi;

- topar jumısında jan’alıq sıpatındag’ı reflektivlilik (u’shinshi ta’reptin’ payda bolıwı esabınan).

Haqıyqatında da, oqıw toparında u’shinshi ta’reptin’ payda bolıwı qızg’ın ha’wijdi tu’siriw imkaniyatına iye, ha’m qarama-qarsı ta’repler bir-biri menen ba’sekilesip g’ana qoymastan, isendiriw, u’shinshi ta’reptin’ qollap-quwatlawın izlew basqıshına o’tedi. O’zlerinin’ pikirinde qala otırıp, oqıwshılar onı qorg’aw ushın ratsional fakt ha’m argumentlerdi tan’laydı. Bunnan isendiriw protsesinde oqıwshılardın’ aytılg’an boljawlarının’ shınlıg’ın o’z betinshi tekseretug’ını kelip shıg’adı.

Oqıw u’shliklerinin’ jumısı ha’reketsiz giltte (mashqalalardın’ ulıwma sheshimin tek u’shliktin’ ishinde izlew) ha’m dinamikada, yag’nıy, o’z-ara o’tiw jolı menen (ma’selen, «U’shlik ushın mozayka» texnologiyası) sho’lkemlestiriw mu’mkin.

**«Mozayka»**nı a’melge asırıw qatnasıwshılardın’ belgili bir sanı menen baylanıslı boladı: olardın’ sanı bir waqıttın’ o’zinde 3 ke ha’m 2 ge bo’liniwi kerek (ma’selen, 12, 18 ha’m t.b.). Mug’allim menen baylanıs jasawdan aldın oqıwshılar aldınnan tayarlanıp, ha’r stolg’a qoyılg’an, ha’rip indeksleri (A, V, S) jazılg’an kartochkalardı tan’lawı tiyis. «Mozayka-3» texnologiyası to’rt basqıshta (ha’r basqıshtın’ waqtı 12 minuttan 20 minutqa shekem) a’melge asırıladı.

1. Mug’allim oqıw u’shliklerine tapsırmalardı usınıs etedi: qanday da bir temada mashqalalı tezaurus du’ziw, izertlenip atırg’an waqıya ha’m ha’diyselerdin’ xarakterli belgilerin anıqlaw, sınaq ushın sorawlardı tayarlaw ha’m t.b. Juwmaqta u’shliktin’ ha’r bir qatnasıwshısı pu’tkil topardın’ pikirin sa’wlelendiretug’ın sheshimler konspektine iye bolıwı tiyis.

2. Ekinshi basqıshta oqıwshılar birlemshi toparlardı ta’rk etedi ha’m ha’riplik indeksler birligi tiykarında waqıtsha juplıqlardı du’zedi: A-A; V-V ha’m t.b. Juplıqlarda basqa usınıslar menen tanısıw, o’zinin’ konspektlerine anıqlıq kirgiziw, za’ru’r bolsa jazıwlardı jaqsılaw ha’m jan’a ja’mlewshi konspekt du’ziw ju’z beredi, bul ha’r qıylı eki topardın’ jantasıwların birlestiredi.

3. Kelesi basqısh forması boyınsha aldıng’ısın derlik ta’kirarlaydı – jan’a sherikler menen «ha’riplik birlik» juplıqlarında jumıs alıp barıladı. Solay etip, u’shinshi basqıshtın’ aqırında ha’r bir oqıwshı mashqalanın’ sheshiminin’ ko’p variantlı konspektine iye boladı.

4. Juwmaqlawshı basqıshta qatnasıwshılar da’slepki u’shliklerge qaytadı. Bunda olar qalg’an barlıq toparlardın’ pikirlerin bile otırıp, ele de tolıg’ıraq sheshim qabıl etiw, o’zlerinin’ ko’zqarasların jetilistiriw mu’mkinshiligine iye boladı.

Bul texnologiya pedagogqa sheshilip atırg’an ma’selenin’ o’zgeriwshen’ligin, ko’p tu’rliligin ko’rsetiw mu’mkinshiligin beredi. Bul jerde oqıwshılardın’ dıqqatın «durıs emes» ha’m «durıs» sheshimlerdin’ bolmaytug’ınına awdarıw kerek. Usınıs etilgen variantlardın’ ha’r birinde minnetli tu’rde ratsional’ da’nler boladı; olardı tek «o’sirip» biliw kerek.

**«Pa’tpelek»**ti esletetug’ın «mozayka» intensiv qarım-qatnasta mashqalanı sheshiwdin’ optimal’ variantına «joqarıdan to’menge» (pedagogtan oqıwshılarg’a) emes, al, ten’dey halatta (oqıwshılardın’ o’zleri arasında) o’tiw mu’mkinshiligin beredi. Bul texnologiyanın’ qıyınshılıqları: toparlardı qayta du’ziw (a’sirese da’slepki sabaqlarda) protsesine dıqqatlı basshılıq talap etiledi.

*Ja’ne bir na’rse:* a’piwayı sabaqlardın’ pozitsiyalıq halatına u’yrenisken oqıwshılar waqıtsha juplıqlardı du’ze otırıp, klass boylap qa’lemey jılısadı.

Solay etip... Juplıqlardag’ı ha’m u’shliklerdegi interaktiv oqıtıw mikro toparlarda kameralı qarım-qatnas jag’dayında birge islesiw ko’nlikpelerin islep shıg’ıwg’a ja’rdemlesedi.

Adamlar arasında onsha ko’p so’yley bermeytug’ın, uyalshaq oqıwshılar ushın oqıw mikro toparların du’ziw ayrıqsha a’hmiyetke iye.

Oqıw u’shliginde, juplıqta islew a’dette, bunday balalar menen jas o’spirimlerdin’ o’zlerin emin-erkin seziwine unamlı ta’sir etedi. Biraq, pedagogikada birgelkili unamlı retseptler joq, sonlıqtan da waqıttın’ o’tiwi menen oqıwshı qatnasıwshılardın’ sanı az bolg’an toparlarda g’ana ashılısıw qa’wpi ju’zege keliwi mu’mkin. Bunı boldırmaw ushın oqıwshılardı oqıw jumısının’ basqa toparlıq formaları menen a’ste-aqırın tanıstırıp barıw kerek.

## 2.4. Kishi toparlarda interaktiv oqıtıw texnologiyası

Toparg’a jıynalg’anlardın’ ha’r qaysısın o’z aldına o’zgertkennen ko’re individlerdi o’zgertken jen’ilirek (Kurt Levin).

«Kishi topar» degende sanı boyınsha onshelli u’lken bolmag’an, salıstırmalı tu’rde turaqlı topar tu’siniledi. Onın’ ag’zaları bir-biri menen tikkeley baylanısta boladı, bul

o'z gezeginde emotsionallıq qatnasıqlardın', sonday-aq, shaxslar arasında spetsifikalıq baha ha'm normalardın' ju'zege keliwine alıp keledi. Bilimlendiriw protsesinde bunday topar oqıwshılardın' konkret-biliw, kommunikativ-rawajlanıw ha'm a'dep-ikramlılıq-ta'rbiya ma'selelerin sheshiw maqsetinde birlesiwin ko'rsetedi. Oqıwshılardın' toparlarg'a birlesiwi salıstırmalı tu'rde turaqlı, sonın' menen birge waqıtsha xarakterge iye bolıwı mu'mkin.

Oqıw protsesinde kishi topardın' sanlıq ha'm sapalıq quramı tek oqıw taktikası menen g'ana emes, al, klass ja'ma'a'tinin' (bul so'zdin' insanıylıq ma'nisinde) qa'liplesiw strategiyası menen de belgilenedi. Sonlıqtan da bul bapta oqıtıwshıg'a toparlardag'ı oqıwshılar menen islesiwdin' ha'r qıylı variantları usınıs etiledi. Bunda ol jumıstı o'z mektebinin', klasının', oqıwshılar arasındag'ı qarım-qatnas xarakterinin' konkret jag'dayların esapqa alıp sho'lkemlestiriwi mu'mkin.

***1. Toparlıq jumıslardı to'rtliklerde sho'lkemlestiriw.***

Qızıq, a'meliyatta pedagoglar oqıw «kvartet»lerinen siyrek paydalanadı.

Oqıw to'rtliklerinin' jumısların sho'lkemlestiriw («O'zlerinin' arasında»)

Ha'rekettin' mazmunı

1. Jeke jumıs

Pedagog (ko'lemi jag'ınan a'dewir u'lken) tapsırmanı usınadı: sabaqlıqtın' u'sh-to'rt paragrafın u'yreniw ha'm konspekt du'ziw; a'hmiyetli temanı dodalaw ushın sorawlar oylap tabıw ha'm t.b. Bul tapsırmanı tayarlaw ha'm orınlaw ushın 15-20 minut beriledi.

Qadag'alaw waqtının' aqırına kelip topardın' ha'r bir ag'zası o'zinin' tapsırmanı orınlag'an variantına iye bolıwı a'hmiyetli.

2. Juplıqlardag'ı jumıs (gorizontal' baylanıslar).

Ha'r bir qatnasıwshı o'zine sherik tan'laydı. Tapsırma mazmunı boyınsha burıng'ıday bolıp qala beredi, biraq, bul basqıshtın' maqseti juplıqlar arasındag'ı ulıwma sheshimdi tabıwdan ibarat. Tabılg'an sheshim eki qatnasıwshının' ulıwma pikirin bildirse ju'da' jaqsı. Dodalaw ushın waqıt - 10 minut.

3. Juplıqlardag'ı jumıs (vertikal' baylanıslar).

Juplıqlar o'zgeredi. Jumıstın' mazmunı burıng'ıday bolıp qala beredi. Jan'a sherikler o'zlerinin' sheshimi menen almasadı ha'm mashqalanı jan'alaw mu'mkinshiligin izleydi, dodalaw ushın waqıt – 10 minut. Solay etip, topardın' ha'r bir

ag'zası basqanın' pikirin tın'law, mashqalanı tu'siniw, tabılg'an sheshimdi jaqlawdı u'yreniw mu'mkinshiligine iye boladı.

4. Toparlıq sheshimdi qabıllaw.

Topardın' ag'zaları bir jerge jıynaladı. Ha'mme sheshimnin' mu'mkin bolg'an usılları boyınsha xabardar eken, demek, bul basqıshtın' maqseti ulıwma qag'ıydalardı islep shıg'ıwdan ibarat, bunda u'lken dıqqat ma'seleni sheshiwdin' mazmunına g'ana emes, al, formasına qaratıladı (toparlar sheshimdi konspekt, su'wret, sxema, qosıqlar ha'm t.b. tu'rde usınıwı mu'mkin). Waqıt – 10 minut.

Pedagogtı bul texnologiyanın' suw astı tasları haqqında eskertiw kerek. U'shinshi (a'sirese, to'rtinshi) basqıshta oqıwshılarda ha'rekettin' reproduktiv xarakterine negativ mu'na'sibetler payda bolıwı mu'mkin: bir temada qansha so'ylew mu'mkin? Bunday jag'dayda balalarg'a o'zlestirilgen mazmundı ja'mlestiriwdin' jan'a formasın: sxema, su'wret, keste ha'm t.b. tabıw usınıs etiledi.

***1. Toparlıq jumıstı besliklerde sho'lkemlestiriw.***

İnteraktiv oqıtıw rejiminde isleytug'ın ayırım pedagoglar oqıwshılardı bes adamlıq toparlarg'a bo'liwdi maqul ko'redi. To'rt adamnan ibarat bolg'an jeti-segiz toparg'a qarag'anda az sanlı toparlardın' jumısın qadag'alag'aw jen'ilirek.

Oqıw besliklerinin' xızmetin sho'lkemlestiriw ushın «mozaika» texnologiyasının' a'piwayılastırılg'an variantın qollanıw mu'mkin.

**«Mozaika-5»** besliklerinde oqıw jumısların sho'lkemlestiriw texnologiyası.

Oqıwshılardı qayta toparg'a bo'lgende ju'zege keletug'ın qıyınshılıqlardı esapqa ala otırıp, «Mozaika-3» u'shinshi basqıshın qısqartıw mu'mkin. Basqa basqıshlardın' forma ha'm mazmunı burıng'ısınsha qala beredi. Mashqalalar da'slep bes adamlıq topardın' ishinde dodalanadı. Dodalawdın' aqırına qaray ha'r bir qatnasıwshı topar ushın ulıwma bolg'an sheshim jobasına iye bolıwı kerek (waqıt 10-15 minut). Son' da'slepki toparlar waqıtsha tarqatıladı; «ha'riplik birlik» printsipine tiykarlang'an A-A-A-A ha'm t.b. tu'rindegi jan'a toparlar du'ziledi. Jan'a topardın' ha'r bir qatnasıwshısı o'zinin' mashqalanı sheshiw jolların usınadı ha'm basqa toparlardın' variantları menen tanısadı. En' jaqsıları tan'lap alınadı ha'm ulıwma sheshim islep shıg'ıladı (waqıt 10-15 minut).

Juwmaqlawshı basqıshta da'slepki toparlar qayta tiklenedi.

Qatnasıwshılar mashqalanı seziw ha’m onın’ sheshimlerinin’ ko’p qırlılıg’ın tu’siniw menen qaytadı. Birge izlew na’tiyjesinde ajıratılg’an topardın’ jumısı menen salıstırg’anda ob’ektiv sheshim tabıladı (waqıt 10-15 minut).

Oqıwshılardın’ jumısın topardın’ du’ziliw basqıshınan-aq jedellestiriw mu’mkin. Bunın’ ushın kartochkalar blogın (oqıw toparlarının’ sanına qaray) tayarlaw jetkilikli; ha’r bir blokta bir temag’a birlesken bes kartochkadan boladı. Kartochkalar «ko’ylek»tey bolıp, joqarıg’a jayıladı. Pedagog kartochkalardı alıwdı, anaw yaki mınaw tema boyınsha oqıw besliklerine birigiwdi, berilgen tema boyınsha shıg’ıp so’ylewdi usınıs etedi.

### *2. Toparlıq jumıstı altılıqlarda sho’lkemlestiriw*

Altı adamlıq topardın’ joqarı da’rejedegi jumıs islew qa’biletin biz derlik 20 jıl aldın «Ne? Qay jerde? Qashan?» ko’rsetiwinde ko’rgen edik. Jumıstı sho’lkemlestiriwdin’ bunday forması tez arada da’slep «Bilimliler klubı» sıyaqlı klasstan tıs ilaj sıpatında mekteplerge o’tkerildi.

Keyinirek mug’allimler bul ilaj ushın soraw ha’m tapsırmalardı bilimlendiriwdin’ konkret bir tarawınan tan’lap alg’an maqul degen juwmaqqa keldi. Toparlıq jumıstın’ berilgen formasının’ jetkiliksizligi (oqıw protsesin sho’lkemlestiriw ko’z-qarasınan) da’slepki waqıtları «klub» ma’jilislerinde qatnasatug’ın «oyınshılar» sanının’ sheklengenliginde ko’rindi. Televidenie bizdi «Breyn-ring» penen tanıstırg’annan keyin bul mashqala derlik sheshildi.

A’dette, oqıw klası altı adamlıq toparlarg’a bo’linedi; toparlar o’zinin’ jumıs ornın tabadı (yamasa o’z betinshe sho’lkemlestiredi). Taxtada – aldınan tayarlang’an vatman qag’azları (qag’azlardın’ sanı oqıw toparlarının’ sanına muwapıq keledi). Ha’r bir qag’az qanday da bir oqıw temasına muwapıq atama alg’an. Ha’r bir topar u’sh adamdı jiberedi, olar birinen son’ biri qag’azlarg’a jaqınlaydı ha’m temag’a baylanıslı bolgan so’z, termin ha’m tu’siniklerdi jazadı. Solay etip, tema boyınsha tayanısh so’zlerdin’ banki payda boladı.

Eger bes topar sho’lkemlestirilgen bolsa, ha’r bir qag’azda temanı ashatug’ın 15 so’z boladı. Ha’mme qag’az toltırılg’annan keyin toparlarg’a tarqatıladı. Oqıwshılarg’a tapsırma: tayanısh so’zlerdi qollanıw arqalı (olardın’ orınların almastırıp qoyıw mu’mkin) berilgen tema boyınsha konspekt du’ziw kerek. Sabaqtın’ aqırında

jumıslardın' juwmag'ı tın'lanadı; konspekttin' tolıqlıg'ı analizlenedi, sonday-aq, tayanısh sıpatında usınılg'an so'zler bahalanadı.

Biraq, bul jerde de pedagog belgili bir qıyınshılıqlarg'a dus keliwi mu'mkin. Ayırım mug'allimler altılıqtı u'sh adamnan eki toparg'a bo'liw mu'mkin dep belgileydi, bul jumıstı biraz qıyınlastıradı.

### *3. Toparlıq jumıstı jetiliklerde sho'lkemlestiriw*

Topardın' sanlıq quramın arttırıw jumıstın' ekilik ha'm u'shliklerde qollanılatug'ın diskussiyalıq formasına alıp keledi. Oqıw diskussiyası biliwdin' en' ken' tarqalg'an forması bolıp tabıladı, biraq, bizin' mug'allimlerimiz o'zlerinin' a'meliyatında bul usıldı onsha ko'p qollana bermeydi, sebebi, ol to'mendegilerdi talap etedi:

- ayrıqsha tayarlıq jumısları;
- dodalaw pa'nin jaqsı biliw;
- diskussiya barısın basqarıw uqıbı ha'm dodalaw protsesine belsendi emes oqıwshılardı tartıw;
- mug'allimnin' oqıwshılardı janlandırıwı.

Ha'mme pedagog ta diskussiya ju'rgiziw texnologiyasın bile bermeydi.Lekin, usı sebepli bul usıldan bas tartıw kerek emes. Diskussiyanın' L.D.Stolyarenko ta'repinen usınıs etilgen rol'lik metodikası diskussiyanın' sho'lkemlestiriw ha'm alıp barıw protsesine oqıwshılardın' o'zlerin tartıw mu'mkinshiligin beredi. Bunday jantasıw R.Sh.Tsareva ta'repinen usınılg'an rol'-pozitsiyalarg'a uksaydı. Biraq, Stolyarenkoda jeti rol': Alıp barıwshı, Ha'reketshen', Ba'sekilesiwshi, Kelisiwshi, Original, Destruktor, U'ndemes rol'leri usınıs etiledi. Diskussiya «u'lken jetilik» qatnasıwshıları (ma'lim bolg'an «akvarium» texnikası) ta'repinen alıp barıladı; basqa oqıwshılar diskussiya payıtında biyg'a'rez baqlawshı bolıp qaladı, sabaqtın' aqırında olar «Anaw yaki mınaw rol' diskussiyanın' barısına qalayınsha ta'sir etiwi mu'mkin?» degen sorawg'a juwap beriwi kerek.

*Jeti ıqtıyarlı kartochkalardı («ko'ylektey» joqarı qarap jatırg'an) tekserip ko'redi, bul kartochkalardın' konkret roli anıqlang'an ha'm qısqasha xarakteristika berilgen:*

- Ha'reketshen' baslamanı basınan baslap qolg'a aladı, argumentler ha'm emotsional basım menen o'zinin' pozitsiyasın qorg'aydı.

Ba'sekilesiwshi qa'legen usınıstı qarsı aladı ha'm qarama-qarsı ko'z-qaraslardı qorg'aydı.

Kelisiwshi o’zinin’ qa’legen ko’z-qaras penen kelisetug’ının bildiredi ha’m so’ylewshinin’ barlıq ga’plerin qollap-quwatlaydı.

- Original, qag’ıyda boyınsha, ba’sekige kirispeydi, biraq, waqtı-waqtı ku’tilmegen usınıslardı bildiredi.
- Sho’lkemlestiriwshi qatnasıwshılardın’ ha’mmesin so’yletiwge umtıladı, olardı so’ylewge iytermeleydi, anıqlastırıwshı sorawlardı beredi.
- U’ndemes qanday bolmasın sorawg’a tuwrı juwap beriwden qashadı, onın’ qanday ko’z-qarasqa iye ekenligin hesh kim bilmewi kerek.
- Destruktor barlıq waqıtta diskussiyanın’ bir tegis barısın buzadı (bir na’rseni tu’sirip jiberedi, pırqıldap ku’ledi, qattı sıbırlap qon’sısınan jılısıwdı soraydı…).

*Tabıslı diskussiyanın’ minnetli sha’rtleri:*

- qatnasıwshılar o’zlerin alg’an rol’lerine muwapıq alıp barıwı kerek;
- rol’din’ xarakteri tek minez-qulıqta sa’wlelenedi; bul diskussiyanın’ akırına shekem ashılmaytug’ın «sır».

Oynalg’an debatlardı sırttan baqlap turgan basqa oqıwshılar ha’r bir pozitsiyanın’ plyus ha’m minusların ko’redi ha’m birgeliktegi dodalaw ushın o’zine qaysı rol’din’ optimal bolıp tabılatugının sheshedi. Bir waqıttın’ o’zinde oqıwshılarg’a soraw beriw mu’mkin: ha’mme oqıwshı U’ndemes? Ba’sekilesiwshi? Destruktor? rol’lerin tan’lasa sabaq qızıqlı bola ma? Eger pedagogtın’ ha’m oqıwshılardın’ o’z-ara ha’reketlerinde oqıw dialogınan turaqlı paydalanılatug’ın bolsa oqıwshılarda mag’lıwmattı iyelewge jemisli jantasıw qa’liplesedi, «nadurıs» boljaw aytıw qorqınıshı jog’aladı (sebebi, qa’te negativ baha bola almaydı) ha’m ba’rhama standart emes pikirlewge iytermeleytug’ın mug’allim menen isenimli qatnasıqlar ornatıladı.

Toparlıq sabaqlardı sho’lkemlestiriwdin’ bunday formasının’ pedagogikalıq qıyınshılıqları sonda, interaktiv rejimde isleytug’ın mug’allim diskussiya ju’rgiziw ko’nlikpelerine iye bolıwı kerek.

### *4. Pu’tkil klass ushın standart emes sabaqlar*

İ.P. Podlasıy standart emes sabaqlarg’a «da’stu’riy emes (ornatılmag’an) du’ziliske iye bolg’an improvizatsiyalıq oqıw sabaqların» kirgizedi. Bunday sabaqlardın’ ken’ tarqalg’an tu’rlerine ol oqıwshılar alıp baratug’ın konferentsiya-sabaqlardı; baspaso’z konferentsiyası-sabaqların; KVN tu’rindegi sabaqlardı; dialog-sabaqlardı; auktsion – sabaqlardı; binar (ekilik) sabaqlardı; integral’ sabaqlardı ha’m t.b. jatqaradı.

Diskussiyalı sabaqlardı sho’lkemlestiriwdin’ klassikalıq sxemasınan baslaymız. Mug’allim qoyg’an maqset – topardı diskussiyanı ju’rgiziwdin’ tiykarg’ı printsipleri menen tanıstırıwdan ibarat. Diskussiya problematikası ha’m onın’ materialları aldınnan tayarlang’an bolıwı tiyis. Bunda temanı anıq ta’riyplep beriw mashqalanın’ mazmunın qurawı ayrıqsha a’hmiyetke iye. Temag’a qoyılatug’ın ekinshi talap – onı tu’sindirip beriwdin’ birdeyligi, qatnasıwshılardın’ ha’r biri og’an tastıyıqlap yamasa biykarlap juwap bere alıwı kerek.

*Oqıwshılarg’a to’mendegi pozitsiyalardan kelip shıqqan halda berilgen temag’a o’zinin’ qatnasın anıqlaw ha’m tan’lang’an pozitsiyanı tiykarlaw usınıladı:*

1) pu’tkilley kelisemen;
2) kelisemen;
3) anıq bilmeymen;
4) kelispeymen;
5) pu’tkilley kelispeymen.

Tezisti yamasa ja’riyalang’an temanı ken’ ashıp beriw diskussiyanın’ na’tiyjeliliginin’ a’hmiyetli sha’rti bolıp tabıladı. Qatnasıwshılardın’ sabaq temasınan tayanısh so’zlerdi ha’m a’hmiyetli tu’siniklerdi ajıratıp biliw ko’nlikpesi dodalawdın’ temadan shıg’ıp ketpewinin’ girewi bolıp tabıladı. Mug’allimnin’ oqıwshılardın’ ha’r qıylı pikirlerin qabıl etiwge tayar bolıwı ayrıqsha a’hmiyetke iye. Keri jag’dayda so’ylesiw a’melge aspaydı: mug’allim o’z ko’z-qarasının’ durıslıg’ın da’lillewge umtıladı, al, «So’ylew sheberligi» sabaq-treninginin’ wazıypası o’zinin’ a’hmiyetin joytadı. Sabaqtın’ aqırında oqıwshılar juwmaq shıg’arıwdın’ ornına tan’lang’an pozitsiyag’a qaytadı, berilgen mashqala boyınsha o’zlerinin’ pikirin anıqlastıradı, tiykarlaydı, onı qorg’aydı yamasa ta’n aladı.

Alıp barıwshının’ rolin ha’m onın’ funktsiyasın anıqlaw da diskussiya-sabaqtın’ maqseti bolıwı mu’mkin. Bul jag’dayda sabaqtı sho’lkemlestiriw klassikalıq varianttı qaytalaydı. Biraq, sezilerli anıqlıq bar: diskussiyanı alıp barıwshının’ roli pedagog ta’repinen emes, al, oqıwshılar ta’repinen bekkemlenedi. Alıp barıwshının’ u’sh tiykarg’ı funktsiyası ajıratıladı – kiriw, kommunikatsiyalıq ha’m juwmaqlawshı.

Diskussiya juwmag’ında barlıq qatnasıwshılar alıp barıwshının’ ha’reketin bes ballıq sistemada bahalaydı. Oqıwshılar mınanı biliwi kerek, oqıwshının’ shaxsı emes, al, dodalaw protsesinde ol atqarg’an rol’ bahalanadı (keri jag’dayda ko’pshilik

oqıwshılar klasslasının' kewline qarap, bahalardı ko'terip qoyadı). Ha'mme o'z pikirin bildirip bolg'annan keyin so'z o'zin-o'zi bahalaw (refleksiya) ushın alıp barıwshının' o'zine beriledi.

Logikag'a tuwra kelmeydi, biraq, alıp barıwshının' alg'an bahaları joqarı bolmasa da, qag'ıyda boyınsha, bul sabaq og'an basqalarg'a qarag'anda kommunikativ ko'nlikpelerdi rawajlandırıw barısında ko'p na'rse berdi dep esaplaydı.

İntreaktiv oqıtıw texnologiyaların o'zlestiriw barısında oqıwshılar diskussiyadag'ı o'z-ara ha'rekettin' belgili bir qag'ıydaların islep shıg'adı, bul to'mendegilerge alıp keledi. *Sabaqtın' tabısı ha'm na'tiyjeliligi mınalar menen sha'rtlenedi:*

- Dodalanıp atırg'an mashqalanın' da'stu'riy emes qoyılıwı;
- Diskussiya ushın ken'isliktin' sho'lkemlestiriliwi;
- Tayarlıq jumısları (material jıynaw, o'z waqtında xabarlandırılıw ha'm t.b.);
- Sa'wbetlestin' aktual jag'dayına beyimlesiwge tayarlıq (tu'siniw ha'm qabıl etiw);
- Adamdı tek so'ylew g'ana emes, al, tın'law sheberligi de ajıratıp turadı degen qag'ıydanı saqlaw;
- Qarım-qatnastın' «qollap-quwatlawshı» usılların: haq kewilli intonatsiyalar, konstruktiv sorawlardı beriw sheberligi ha'm t.b. qollanıw;
- Berilgen jag'day boyınsha ha'r ta'repleme optimal sheshimdi tabıwg'a umtılıw;
- Gu'rrin'lesiw qalay o'tti, dodalaw qashan ha'm ne ushın «toqtap qaldı», keleshekte bunnan qalay qutılıw mu'mkin? Mine, bulardı tu'siniw ushın analizlew ha'm o'zin-o'zi analizlew ko'nlikpeleri.

Jumıstın' bunda belsendi formalarına oqıwshılardın' o'zleri qalay qaraydı? Mine, olar ne dep jazadı: «Bunday sabaqlarda keypiyat ko'teriledi», «Qanday jaqsı, mug'allim qa'telerdi da'rhal ko'redi ha'm ju'da' mu'la'yimlilik penen olardı du'zetiwge ja'rdemlesedi», «Bizler mug'allimdi tek tın'laytug'ın ha'm tez-tez jazatug'ın a'piwayı sabaq joq», «Bul sabaqlar tek debat oyınına uqsaydı. Al, is ju'zinde bizlerdi tek pa'n boyınsha g'ana emes, ta'jiriybeden de mag'lıwmat alıwg'a u'yretedi», «Bizler o'z betimizshe shug'ıllanıwg'a, o'zlerimizdin' haqıyqıy pikirimizdi bildiriwge u'yrenemiz», «Men sonı tu'sindim, sabaqlarda doslıq ha'm ja'ma'a'tlik atmosferasın jaratıw mu'mkin eken», «Dialog tek bilimge g'ana emes, al, klasstag'ı ulıwma jag'dayg'a unamlı ta'sir ko'rsetedi».

# OQITIWDIN' İNTERAKTİV USILLARI HA'M TEXNOLOGİYALARI A'MELİYATI

**«Ko'zdi qamastıratug'ın shınlıq baylansa,**
**tek bos so'z bolıp qaladı»**
***Anatol' Frans***

1990-jıllardan baslap O'zbekstan Respublikasının' bilimlendiriw sistemasının' du'zilisine ha'm mazmunına ko'plegen jan'a o'zgerisler kirip keldi.

Bilimlendiriw sistemasın tu'pkilikli reformalaw oqıw materiallarının', sabaq beriw usıllarının', bilimdi bahalaw sistemasının' qayta du'ziliwine ja'rdem berdi.

A'tirapımızdag'ı du'n'ya tez o'zgerip atır, mug'allimge o'z ka'siplesleri menen birge basqalardı ha'm o'zin u'yretiw ushın jan'a sha'rayatlarg'a udayı beyimlesip barıwg'a tuwra keledi. Bakalavrlar ha'm oqıtıwshılar innovatsiyalıq qayta o'zgertiwlerdi ha'm keleshektegi mug'allim ushın pedagogikalıq xızmette qollanıw ko'nlikpelerin iyelew za'ru'rligin ta'n almaqta.

Usılarg'a baylanıslı, hu'rmetli ka'siplesler, Sizlerge interaktiv usıllar ha'm bizin' pikirimizshe, na'tiyjeli dep tabılg'an oqıtıw texnologiyaları qollanılg'an sabaqlar menen tanısıwdı usınıs etemiz.

## «Joqarı mekteptin' bilimlendiriw protsesine kirisiw» kursı haqqında

I kurs bakalavrlar ushın «Joqarı mekteptin' bilimlendiriw protsesine kirisiw» pa'nin kirgiziw za'ru'rligi aldag'ı pedagogikalıq xızmetke beyimlesiw protsesinen kelip shıqtı.

Ha'r bir I kurs bakalavr o'zi tan'lag'an ka'siptin' durıslıg'ın belgilep alıwı kerek. Keleshekte olar tek «ne?», «qay jerde?», «qashan?» dep sabaq berip g'ana qoymastan, o'zinin' professionallıq wazıypasının' sapalı orınlanıwı ushın da belgilengen ta'rtipte juwapker boladı.

*Kurstı o'tiwdin' a'hmiyeti sonda, ol:*

- VUZda oqıw-bilim alıw, o'z betinshe ha'reket etiwdin' maqset ha'm wazıypaların biledi;
- keleshektegi mug'allimnin' o'z betinshe belsendi-biliw ha'reketlerinde waqıttı durıs bo'listiriwge, ku'n ta'rtibinin' en' na'tiyjeli variantın tan'lawg'a erisedi;

- ka'sipti durıs tan'lag'anına isenim payda boladı;
- mug'allimshilik xızmetinin' profesionallıq-pedagogikalıq, ilimiy tiykarları menen tanısa otırıp, I kurs bakalavrlar VUZda oqıw miynetinin' ma'deniyatı menen tanısadı ha'm oqıw-biliw xızmetinde o'zinde mug'allimnin' professionallıq qa'siyetlerinin' qa'liplesiwi ushın huqıq ha'm minnetlerin o'zlestiredi.

## 3.1.«Kadrlar tayarlaw sistemasın rawajlandırıwdın' tiykarg'ı bag'darları» teması boyınsha seminar sabaqları:

*Sabaqtın' maqseti:*

- Kadrlar tayarlawdın' milliy bag'darlamasının' mazmunın u'yreniw.
- Ma'limlemeni sistemalastırıwdı u'yreniw.
- Teksttegi ma'limlemenin' tiykarg'ı tezislerin tastıyıqlawdı u'yreniw.
- O'zinin' pikirin da'lillep beriwdi u'yreniw.
- Alıng'an ma'limlemeni do'retiwshilik qayta islewdi u'yreniw.

### Texnologiyalıq karta

*Tema:* «Kadrlar tayarlaw sistemasın rawajlandırıwdın' tiykarg'ı bag'darları».

*Maqset:* «Kadrlar tayarlawdın' milliy bag'darlaması»nın' mazmunı boyınsha teoriyalıq bilimlerdi bekkemlew. O'zinin' pikirin da'lillep beriw sheberligin ha'm ko'nlikpesin qa'liplestiriw.

*Wazıypa:*

1. Berilgen tema boyınsha teoriyalıq bilimlerdi tekseriw.
2. Bakalavrlardın' jeke oylaw xızmetin sho'lkemlestiriw.
3. Kishi toparlardın' jumısın sho'lkemlestiriw.
4. O'zinin' ideyasın ha'm topardın' ulıwma ideyasın da'lillep qorg'awdı u'yreniw.

*Protsessti sho'lkemlestiriw*: Seminar sabag'ı.

*Usıllar:* «Miyge hu'jim», «Zigzag», «Klaster».

*Formalar:* Jeke, kishi toparlar.

*Qurallar:* Tarqatpa material, tapsırma jazılg'an kartochkalar, 4 dana vatman, markerler.

*Qadag'alaw:* Kishi toparlardı ballı sistemada bahalaw ha'm jeke sorawnama.

*Maksimal'* – 5 ball.

*Perspektiva:* Kadrlar tayarlawdın' milliy bag'darlamasının' wazıypaların a'melge asırıwda keleshektegi professionallıq pedagogikalıq xızmetke o'zinin' u'lesin qosıw.

### ***Seminar sabag'ının' barısı***

Za'ru'rli tu'sinikler. Bul seminar sabag'ı eki bo'limnen turadı. Ha'r bir bo'limde «Shaqırıw – Mazmundı tu'sinip jetiw – Pikir ju'rgiziw» (Sh.M.P) sxeması a'melge asırıladı. Klasterler seminardın' birinshi bo'liminin' jetekshi usılı bolıp tabıladı. Ekinshisi «Zigzag» usılı boyınsha model' sabaq. 4-6 adamlıq toparlar ushın kartochkalar menen islew.

*«Shaqırıw»* basqıshında studentler kishi toparlarda (kishi toparlar 5) «miyge hu'jim» usılı menen o'tilgen temalar boyınsha a'hmiyetli so'zlerdi, atap aytqanda, Kadrlar tayarlawdın' milliy bag'darlamasının' mazmunın, maqset ha'm wazıypaların eslewi kerek.

Jumıslardın' na'tiyjesi klaster tu'rinde taxtag'a jazıladı. Bul shama menen mınaday ko'riniste boladı:




*«Mazmundı tu'sinip jetiw» basqıshında* «Kadrlar tayarlawdın' milliy bag'darlaması» materialınan paydalanıladı.

*«Pikir ju'rgiziw» basqıshında* klasterlerge qaytamız, alıng'an mag'lıwmat tiykarında onı tolıqtırıwg'a ha'reket etemiz. Da'pterlerge jazıwlar ju'rgiziledi, jazıwlarg'a ses beriledi.

Seminar sabag'ının' ekinshi bo'liminde barlıq topardı qaytadan beslikke bo'lemiz, yag'nıy, jan'a ku'tilmegen kombnatsiyanın' ju'zege keliwi ushın toparlardı aralastıramız. Usılayınsha jaylasqan waqıtta olarg'a 1,2,3,4,5 ke shekem sanawdı usınıs etemiz. Topardın' ha'r bir ag'zasının' o'zinin' nomeri payda boladı.

Son' studentlerge olar bu'gingi seminar sabag'ına «Kadrlar tayarlaw sistemasın rawajlandırıwdın' tiykarg'ı bag'darları» temasında tayarlanıw kerekligin esletemiz. Bunı taxtag'a, «Klaster»ge qosımsha sıpatında jazıw mu'mkin. Qısqa tu'rde, detal'larg'a berilmesten studentler tayarlang'an temanı dodalaymız. Son' olarg'a bu'gingi wazıypası kadrlar tayarlaw sistemasın rawajlandırıwdın' 15 bag'darı boyınsha da'liller menen tu'sindirip beriwden ibarat ekenligin aytaman. Sabaqtın' son'ında topardın' ha'r bir ag'zası kadrlar tayarlaw sistemasın rawajlandırıwdın' 15 bag'darının' mazmunın biliwi kerek. Biraq, studentler olardı bir-birine bo'lip-bo'lip tu'sindiredi, na'tiyjede topar ag'zalarının' barlıg'ı onı tolıg'ı menen o'zlestiredi.

Oqıwshılardın' dıqqatın 15 bag'dardın' bes bo'limge bo'linetug'ınlıg'ına qaratadı. Ha'r bir topardın' birinshi nomerli ag'zaları da'slepki 3 bag'dar boyınsha juwap berse, ekinshi nomerli ag'zaları – ekinshi 3 bag'dar boyınsha juwap beredi ha'm usılay dawam etip kete beredi.

Olarg'a mına xabardı jetkiziledi, birinshi, ekinshi, u'shinshi, to'rtinshi ha'm besinshi nomerli toparlar endi ekspert toparlar dep ataladı. Olardın' wazıypasına o'zlerinin' u'sh bag'darının' mazmunın teren' analizlew kiredi. Olar u'sh bag'dardın' mazmunı boyınsha o'zlerinin' variantın oqıp beriwi, ulıwma mazmundı sheriklesip dodalawı ha'm barlıg'ın tolıq tu'singenine isenim payda etiwi kerek. Son' olar «o'zlerinin'» toparlarına qaytqannan keyin kurslaslarına o'zlerinin' u'sh bag'darının' mazmunın ılayıqlı tu'rde oqıta alıwı ushın bul u'sh bag'dardı qalayınsha jaqsılap tu'sinidiriw kerekligin sheship alıwı kerek.

Kurslaslarına o'zlerinin' u'sh bag'darın tu'sindiriw ushın qanday usıllar ha'm a'mellerden paydalanıw kerekligin ha'm qanday ja'rdemshi material talap etiletug'ının ekspert topardın' o'zi belgileydi.

## *Ekspert toparlardın’ kartochkaları*

**№1 ekspert topar**

1. U’zliksizlik
2. Texnika
3. Birge islesiw

*Tapsırma:* Gilt so’zlerdin’ mazmunı tiykarında kadrlar tayarlaw sisteması rawajlandırıwdın’ u’sh bag’darının’ quramın du’zin’ (5 dana).

**№2 ekspert topar**

1. Kvalifikatsiya
2. Finanslar
3. Ma’limlemege iye bolıw

*Tapsırma:* Gilt so’zlerdin’ mazmunı tiykarında kadrlar tayarlaw sisteması rawajlandırıwdın’ u’sh bag’darının’ quramın du’zin’ (5 dana).

**№3 ekspert topar**

1. Mazmun
2. Qadag’alaw
3. Bazar

*Tapsırma:* Gilt so’zlerdin’ mazmunı tiykarında kadrlar tayarlaw sisteması rawajlandırıwdın’ u’sh bag’darının’ quramın du’zin’ (5 dana).

**№4 ekspert topar**

1. Ruwxıylıq
2. Basqarıw
3. Kepillik

Tapsırma: Gilt so’zlerdin’ mazmunı tiykarında kadrlar tayarlaw sisteması rawajlandırıwdın’ u’sh bag’darının’ quramın du’zin’ (5 dana).

**№5 ekspert topar**

1. Talant
2. Baylanıs
3. İntegratsiya

*Tapsırma:* Gilt so’zlerdin’ mazmunı tiykarında kadrlar tayarlaw sisteması rawajlandırıwdın’ u’sh bag’darının’ quramın du’zin’ (5 dana).

Ekspert topardın’ ag’zaları da’slepki basqıshta jeke jumıs alıp baradı, keyin ulıwma sheshimdi qabıl etiw ushın birlesedi, bunnan son’ bolsa ha’r kim o’zinin’ toparında ulıwma qabıl etilgen mazmundı kurslaslarına oqıtadı.

Ulıwma alg’anda, «Zigzag» so’zsiz tu’rde «Mazmundı tu’sinip jetiw» basqıshına tiyisli. Biraq, ha’r bir ekspert topar ta’repinen islep shıg’ılg’an oqıtıw usılı barlıq u’sh basqıshtın’ («Shaqırıw», «Mazmundı tu’sinip jetiw», «Pikir ju’rgiziw») da elementlerin o’zinde qamtıydı.

Ekspertler bergen ma’limlemenin’ durıslıg’ına, ju’zege kelgen sorawlarg’a ılayıq juwaplardın’ bolatug’ınına isenim payda etiw ushın mug’allim oqıtıw protsesinin’ barlıg’ın jazıp barıwı kerek.

«Student – ekspertler»din’ usınday «kishi mug’allimshilik xızmeti»nen son’ mag’lıwmatlardı o’zlerinin’ kurslaslarına bergeninen keyin studentlerdi klasterlerge qaytaramız, kadrlar tayarlaw sistemasın rawajlandırıwdın’ barlıq 15 bag’darının’ mazmunın aytıp beriwin, jan’aların ajıratıp ko’rsetiwin soraymız. Klasterler u’stinde alıp barılg’an jumıstın’ juwmaqlanıwın u’yge tapsırma dep ja’riyalaymız.

## 3.2.«Pedagogikalıq konfliktologiya» kursı haqqında

Pedagogikalıq konfliktologiya O’zbekstan Respublikasının’ xalıq bilimlendiriw sistemasında az izertlengen mashqalalardın’ biri bolıp tabıladı. Zamanago’y konfliktologiya ilimi ja’miyetlik biliwdin’ ayrıqsha intellektual bilimi ha’m bag’darı sıpatında sotsiologiya tarawında qa’liplese baslag’anına ko’p waqıt bolg’an joq. Pedagogikalıq konfliktologiyag’a arnalg’an konkret miynetler ele azshılıqtı quraydı. Tiykarınan alg’anda, ilimpaz-pedagoglar pedagogikalıq konfliktti mug’allimler menen oqıwshılardın’ o’z-ara mu’na’sibetine tiyisli bolg’an mashqalalarda, oqıwshılardın’ u’lgeriwin qadag’alaw mashqalalarında, onın’ sheshimine ha’r qıylı jantasıwlarda qarap keldi. «Pedagogikalıq konfliktologiya» oqıw kursı «Pedagogika ha’m psixologiya» fakul’tetinin’ 4-kurs bakalavrları ushın tan’lang’an pa’n sıpatında engizildi. Negizinde onı pedagogikalıq VUZlardın’ barlıq fakul’tetlerinde oqıw bag’darlamasına negizgi pa’n sıpatında engiziw kerek, sebebi, bul fakul’tetlerde studentlerdi professionallıq-pedagogikalıq jaqtan tayarlawdın’ maqset ha’m wazıypaları sheshiledi. Da’liller a’piwayı. Pedagogikalıq protsess – bul pedagogikalıq jag’daylardın’ shınjırı. Pedagogikalıq halat oqıtıwshı menen oqıwshının’ o’z-ara birge

islesiwi tiykarında qurıladı, o'z gezeginde ol unamlı ha'm negativ qarım-qatnaslarda, yag'nıy, qarama-qarsılıqlarda, ideyalardın', maqsetlerdin', ma'plerdin', motivlerdin' ha'm t.b. soqlıg'ısıwında ko'rinedi. Mine, bul pedagogikalıq protsesstin' konflikti, al, bul kurs mazmunının' bakalavrlar ta'repinen u'yreniliwi konfliktli halattı sheshiw, eskertiw, saplastırıw texnologiyasına ja'rdem etedi.

*To'mendegiler «Pedagogikalıq konfliktologiya» kursının' tiykarg'ı wazıypaları bolıp tabıladı:*

- konfliktli jag'daylarda pedagogikalıq xızmettin' o'zgesheliklerin ha'm onın' insanıylıq bag'darların ashıw;
- bakalavrlar ta'repinen pedagogikalıq konfliktlerdi eskertiw, saplastırıw ha'm ruxsat etiwdin' tiykarg'ı usıl ha'm formalarının' o'zlestiriliwi;
- pedagogikalıq konflikt jag'dayların tu'siniw, analizlew ha'm turaqlastırıwda ulıwma a'meliy jantasıwg'a jol tabıw sheberligin rawajlandırıw.

Berilgen pa'n boyınsha barlıq sabaqlar bul wazıypalardı sheshiwge bag'darlang'an. Kelesi sabaqlardın' mazmunın analizlen':

«Pedagogikalıq konfliktti sheshiw texnologiyası» teması boyınsha seminar sabag'ı.

**Bag'darlama:**

13.10 – 13.20 Shınıg'ıw oyını.

Test «Siz mimika tilin tu'sinesiz be»?

13.20 – 13.40 «Domalaqlang'an qar».

U'yge tapsırmanı soraw.

13.40 – 14.00 «Zigzag - II» modeli.

Pedagogikalıq ma'selelerdi sheshiw.

14.00 – 14.10 «Danalıq pikirler» shınıg'ıw oyını.

«Oylaw ushın mag'lıwmat».

14.10 – 14.25 «İrkilip oqıw» modeli.

Qosımsha lektsiya materialı.

14.25 – 14.30 Ha'reketti qadag'alaw.

## Texnologiyalıq karta

**TEMA:** «Pedagogikalıq konfliktlerdi sheshiw texnologiyası».

**MAQSET:** Pedagogikalıq konflikt jag'dayların eskertiw ha'm sheshiw boyınsha studentlerdin' bilimin bekkemlew. Konfliktli-stress jag'daylardı saplastırıw ha'm sheshiw boyınsha shınıqtırıw. Studentlerde pedagogikalıq uqıplılıqtı, ziyreklikti, qarım-qatnastı ha'm t.b. qa'liplestiriw.

**WAZIYPALAR:**

1. Studentlerdin' pedagogikalıq protsesstin' konfliktli-stress jag'dayların sheshiw jolları haqqındag'ı bilimin anıqlaw. Olardı tolıqtırıw.

2. Studentlerdi a'meliy jumısqa tayarlaw.

3. En' baslıların tan'lap alıw ko'nlikpesin qa'liplestiriw.

**OQIW PROTSESİN ShO'LKEMLESTİRİW** – seminar sabag'ı.

**USILLAR:** Maqsetti anıqlawda – «Miyge hu'jim», «Klasterlerge bo'liw» usılların qollanıw. Da'stu'riy texnologiya.

Kishi toparlarda jumıs alıp barıw elementleri menen – u'yge tapsırmanı soraw. «Pedagogtın' pedagogikalıq potentsialı» (PPP) ko'rsetpe quralı menen islew.

Pedagogikalıq oyın – instruktsiya boyınsha pedagogikalıq ma'selelerdi sheshiw ha'm durıs sheshimdi qabıl etiw ushın ulıwma analiz.

İlimiy tarqatpa material menen tanısıwda «insert» usılı (bilimlerdi anıqlaw ha'm tolıqtırıw, logikalıq oylaw sheberligi). Bes minutlıq shınıg'ıw. Test: Siz mimika tilin tu'sinesiz be?

*Sabaqlarda oqıw ha'reketinin' formaları:*

- Toparlıq forma (kishi toparlar)
- Ja'ma'a'tlik
- Jeke

**QURALLAR:** İlimiy tarqatpa material, «Pedagogtın' pedagogikalıq potentsialı» ko'rsetpe quralı, tsitata jazılg'an plakat, qag'az betleri, flomasterler, por ha'm t.b.

**QADAG'ALAW:** u'y jumısın bahalaw, sabaqqa tayarlıq ha'm protsesste belsendi ha'reket etiw, logikalıq ha'm analitikalıq oylaw uqıbı – joqarı ball maksimal baha «5» penen bahalanadı.

**PERSPEKTİVA:** Ku'tiletug'ın na'tiyje – konfliktli-stress jag'daylardı a'meliyatta pedagogikalıq sheshiw bilim ha'm ko'nlikpelerin qa'liplestiriw.

«Pedagogika ha'm psixologiya» fakul'tetinin' 4-kurs rus bo'liminde «Pedagogikalıq konfliktologiya» pa'ninen «Pedagogikalıq konfliktti sheshiw texnologiyası» teması boyınsha seminar sabag'ının' konspekt jobası.

**Maqset:** Pedagogikalıq konflikt jag'dayların eskertiw ha'm sheshiw boyınsha studentlerdin' bilimin bekkemlew.

O'zinin' professionallıq potentsialın konfliktli-stress jag'dayların turaqlastırıwda qollanıw uqıbı.

Studentlerde xızmetke jan'a innovatsiyalıq jantasıwdı: ziyreklilikti, qarım-qatnastı, kreativlilikti ha'm t.b. qa'liplestiriw.

Sho'lkemlestiriw payıtı: Auditoriyanı tayarlaw.

Tarqatpa material, marker, qa'lemler, vatman qag'azları, T.S.O – magnitofonnın' barlıg'ın tekseriw. Topardı kishi toparlarg'a bo'liw. Jurnal boyınsha barlaw.

1. Shınıg'ıw oyını: «Siz mimika tilin tu'sinesiz be?» testi. «Pedagogikalıq sheberlik» kursı menen «Pedagogikalıq konfliktologiya» kursı arasında mashqalalar ha'm ma'selelerdin' o'z-ara baylanısın ornatıw (Test konspektke qosımsha etiledi).

2. «Domalaqlang'an qar» (oqıwshılar ta'repinen ku'tiletug'ın juwaplar)

Vatman qag'azına jazıp barıladı.

a) Pedagogikalıq konflikt – bul...

- Qarama-qarsılıq
- Ten'salmaqlılıqtın' buzılıwı
- O'z-ara ha'reket
- İskerlik
- Soqlıg'ısıw
- Bir-birine tuwra kelmeytugın talaplar, motivler, sezimler, minez-qulıqlar
- Qadag'alanatug'ın qarama-qarsılıqlar
- Jetilisiw deregi
- Sırtqı, ishki qarama-qarsılıq
- Pedagogikalıq halat
- Stress
- Nevroz
- Qarsı turıw.

Oqıtıwshının' dialoglıq so'zi ushın joybar:

*Qarama-qarsılıqlardın' keskinlik da'rejesi boyınsha:* kewli tolmawshılıq>kelispewshilik>qarama-qarsılıq>tartısıp qalıw>ja'njellesiw>so'gisiw>to'belesiw>urısıw>shawqımlasıw >dushpanlıq.

Konflikt = konflikt qatnasıwshıları + ob'ekt + konfliktli halat + ja'njellesiw.

Konflikt – bul qarama-qarsılıqtın' keskinlesiwi (konfliktli halat) ha'm ha'r bir ta'rep ushın jumıslıq ha'm jeke a'hmiyetke iye bolg'an mashqalanı (ob'ekttin') sheshiw protsesinde eki yamasa onnan ko'p qatnasıwshının' (sub'ektlerdin') soqlıg'ısıwı (ja'njel).

***Pedagogikalıq konflikt*** – birge islesiwdegi qarama-qarsılıqtın' sa'wleleniwi.

***Pedagogikalıq konflikt*** – mug'allimnin' oqıwshılar menen o'z-ara qarım-qatnasında ha'm o'z-ara ha'reketlerinde qadag'alanatug'ın qarama-qarsılıqlar.

b) Pedagogikalıq konfliktologiya – bul…

(Oqıwshılar ta'repinen ku'tiletug'ın birlesiwler)

Vatman qag'azda jazıp barıladı.

- İlimiy konfliktologiya
- Pedagogikalıq konflikt
- Qadag'alanatug'ın qarama-qarsılıqlar
- Jeke konflikt
- Shaxslar arasındag'ı konflikt
- Toparlar arasındag'ı konflikt
- Zıyanlı konfliktler
- Paydalı konfliktler
- Konfliktli-stress halatlar
- Nevroz sebepleri
- Pedagogikalıq konfliktlerdin' sebepleri
- Stresslik kesellikler
- Profilaktika
- Sheshiw algoritmi
- Turaqlastırıw
- Qarım-qatnas konflikti
- Pedagogikalıq xızmet ha'm pedagogikalıq konflikt

- Na’tiyjeli birge islesiw
- Professionalizm – professionallıq a’zzilik
- Ba’sekilesiw o’neri…

3. U’yge tapsırmanı soraw

*Pedagogikalıq konfliktti sheshiw texnologiyası:*

- pedagogikalıq-konfliktli halatlar profilaktikası;
- pedagogikalıq konfliktti sheshiw algoritmi;
- pedagogikalıq konfliktlerdi turaqlastırıw;
- pedagogikalıq qarım-qatnas konflikti – «bolmaydı».

Oqıtıwshının’ sorawlarına juwaplardı biliw boyınsha joybar.

***Profilaktika*** – eskertiw ilajlarının’ jıyındısı.

***Algoritm*** – berilgen wazıypanı sheshiw ushın ha’reketler, qag’ıydalar jıyındısı.

***Turaqlastırıw*** – ta’rtipke, sistemag’a salıw maqsetinde rawajlanıwdı bag’darlawdı retlestiriw.

***Retlestiriw*** – jetilispegen tu’r.

***Turaqlastırıw*** – jetilisken tu’r.

***Pedagogikalıq qarım-qatnas*** – so’ylesiw forması.

Pedagogikalıq ta’sir ko’rsetiw ha’m o’z-ara ha’reket etiw protsesi.

4. «Zigzag» texnologiyasın qollanıw arqalı pedagogikalıq wazıypalardı sheshiw.

20 studentten ibarat bolg’an topardı ha’r birinde 4 studentten bolg’an 4 kishi toparg’a bo’lemiz. Ha’r bir kishi toparda 4 ekspert boladı.

Ha’r birinin’ o’z pedagogikalıq wazıypası bolıp, instruktsiya boyınsha da’slep olardı jeke, son’ ulıwma sheshedi (instruktsiya qosımsha etiledi). Son’ 1,2,3,4–ekspert toparlar pedagogikalıq ma’selenin’ durıs, ele de na’tiyjelirek bolg’an sheshimin tabıw ushın birlesedi. O’zinin’ kurslaslarına ma’selenin’ mazmunın qalay jetkeriw ha’m onın’ sheshimin qalay tu’sindiriwdi ekspert topardın’ o’zi belgileydi.

En’ son’ında analizlenip atırg’an pedagogikalıq ma’selelerdin’ konfliktli halatların sheshiwdin’ qosımsha yamasa original jolların tın’law mu’mkin.

## Studentler ushın instruktsiya

*Tekstti oqıp atırg'anda to'mendegilerge itibar qaratın':*

- oqıwshı ha'reketinin' xarakteri;
- mug'allim su'yenetug'ın ob'ektiv sha'rayatlar (oqıwshının' jeke o'zgeshelikleri, onın' ja'ma'a'ttegi ornı, shan'araq jag'dayı);
- ta'rbiyashının' pedagogikalıq oy-pikiri;
- oqıtıwshı ta'repinen jaratılg'an jan'a pedagogikalıq halattın' o'zgeshelikleri;
- oqıwshının' minez-qulqında onın' sana-seziminin' o'zgergenligin bildiretug'ın belgiler;
- oqıtıwshının' pedagogikalıq ta'sir ko'rsetiwdin' tabıslı bolıwına alıp keletug'ın jeke xarakterli belgilerin anıqlaw.

*(qansha student bolsa, sonsha dana)*
*№1 pedagogikalıq wazıypa*

## QARIM-QATNASTIN' PEDAGOGİKALIQ TOSQINLIG'I

Tog'ızınshı klasstag'ı menin' burıng'ı oqıwshım Sasha Nikitin jaqsı bala edi.

Sabaqlarınan da jaqsı oqıdı, u'yinde de basqalar sıyaqlı o'zin jaqsı tuttı, og'an anası da, o'gey a'kesi de jaqsı qaradı.

Ha'r ta'repleme hu'rmetke ılayıq bala…

Ha'm qa'pelimde: mektepte u'sh ku'n bolmadı. Ha'm qa'pelimde: biologiya mug'allimine qopallıq isledi, a'piwayı eskertiwge turpayı juwap qaytardı.

Ha'm qa'pelimde: to'beles shıg'ardı, bul 9-klassta ayrıqsha ha'diyse sıpatında qabıl etiletugın edi. Ne islew kerek? Qanday sharalardı qollanıw kerek? Qalayınsha jazalag'an maqul?

*(Soloveychik S.L. «İvanovsha ta'rbiyalaw». M., 1989-235 b.)*

## *Tapsırma:* Ka'siplesin'izge ja'rdemlesin'

*(4 dana)*
*№2 pedagogikalıq wazıypa*

### OQIW PROTSESİNDEGİ KONFLİKTLİ DİALOG

- Ku'ndelik – menin' jeke mu'lkim, sonlıqtan da men onı bermeymen, - dedi oqıwshı mug'allimnin' talabına juwap retinde.

- Eki bahası da senin’ jeke mu’lkin’, - dep mug’allim tapqırlıq etse de birinshi ju’risinen-aq jenile basladı.
- Sonın’ ushın da men onnan bas tartaman ha’m sizge onı qoymaw mu’mkinshiligin beremen.
- Tez ku’ndeligin’di ber, bolmasa direktor senin’ jeke mu’lkin’di ku’ndeligin’nin’ haqıyqıy iyeleri bolg’an ata-anan’dı shaqırıw menen bezeydi.

***Tapsırma:***

1. Negativ kommunikativ stsenariydi analizlen’.
2. Mug’allim ta’repinen jol qoyılg’an qa’teni anıqlan’.
3. Negativ kommunikabel’li stsenariydin’ maqseti neden ibarat?

*(4 dana)*

*№3 pedagogikalıq wazıypa*

## O’RTTİ SUW MENEN O’ShİREDİ: O’RTKE QARSI O’RT PENEN JUWAP BERİW PAYDASIZ. PEDAGOGİKALIQ HALAT

- Medvedev! – Elizaveta Maksimovnanın’ dawısında qatallıq sezilip turar edi.

- Ja’ne bir so’z aytsan’, shıg’ıp ketesen’!

- Shıqpayman, - a’piwayı, ha’tte zerigerli etip juwap berdi Kuznechik.

Elizaveta Maksimovnanın’ ko’zleri do’n’gelenip ketti.

- Sen ne dep turg’anın’dı bilesen’ be?

- Bilemen. Biraq, shıqpayman! – qa’pelimde ashıwlandı Genka. – Shıqpayman, bolg’anı! – Ol ha’tte o’zin klasstan ku’sh penen shıg’arıp jiberetug’ınday sezip, partag’a jabısıp aldı. – Bul menin’ klasım! Bizlerge mekteptin’ xojeyinisiz, dep ha’r ku’ni aytadı! Sonda qalay shıg’ıp ket deysiz! Hesh na’rse aytıw mu’mkin bolmasa, bul qanday jıynalıs boldı?

Elizaveta Maksimovna o’zin biylep aldı.

- Ma’rha’mat, otır! Sizlerdin’ ha’mmen’iz jeterli da’rejede so’yledin’iz, boldı, jıynalıs tamam. U’shinshi sherekte Kaxovskiy menen Medvedev minez-qulqı boyınsha qanaatlandırarlı baha aldı.

- Bunı pedken’es sheshpey me? – dep soradı Pavlik Velikanov.

Elizaveta Maksimovna bul so’zge juwap qaytarıwdı lazım dep tappadı.

*(Krapivin V. «Qılıshlı bala»)*

## *Tapsırma:* **Jag'daydı analizlen'.**

*(4 dana)*
*№4 pedagogikalıq wazıypa*

### MUG'ALLİM – BA'RİNEN BURIN, SO'YLEW MA'DENİYATININ' ETALONI. PEDAGOGİKALIQ SO'YLESİW HALATI

**-** Balalar, Sergeydin' jan'a g'ana aytqan «tusovalsya» degeni qanday so'z!

**-** Sereja, bizlerdin' ha'mmemizge tu'sindir, bul qanday so'z…

**-** Al, bunı ha'mme biledi (ku'lki).

**-** Olay dep oylamayman. Men de sizlerdin' aran'ızdaman-g'oy, biraq, bilmeymen…

**-** Al, bul bizlerdin' jan'a so'zimiz. Sizge ol kelispeydi: «tsentrovoylar» endi «tusuyutsya» emes, al, «klubyatsya»; bunı bilip qoyıw kerek. Jan'alıqqa kelsek, hesh gu'manım joq: ol «tucha» degen so'zge jaqın, sol tu'birden tısyacha so'zi kelip shıqqan (eski tu'biri tusk). Demek, «tusovka» - ko'rip turg'anın'day, bul tucha mın' adam. Biraq, men o'zim haqqında bunday demes edim, nege degende, shamalawlarg'a qarag'anda sol tu'birdin' o'zinen «o'shiw» («tuxnut'») so'zi kelip shıqqan.

## *Tapsırma:* **Jag'daydı analizlen'**

*(4 dana)*

5. Pedagogtın' professionallıq potentsialının' (P.P.P) du'zilisin analizlew. Ko'rsetpe qural u'stinde jumıs islew.

Potentsial qanday da bir mu'na'sibettegi quwatlılıq da'rejesi, qurallar jıyındısı, P.P.P. – ta'biyg'ıy ha'm o'zlestirilgen sapalardın' sistemag'a birlesken jıyındısı, ol pedagogtın' o'zinin' minnetlerin berilgen da'rejede orınlawın belgileydi.

6. «Danalıq pikirler», «Oylaw ushın mag'lıwmat» shınıg'ıwlar oyını. Korenkova Ul'yana so'zge shıg'ıp, qısqa mag'lıwmat beredi. Onın' aytıwınsha, ha'zirgi waqıtta Angliyada guvernantkalardın' xızmetinen paydalanıw ken' tarqalg'an. Eger so'zlikti basshılıqqa alsaq, rus tilinin' tu'sindirme so'zliginde «guvernantka» so'zine «shan'araqqa mira't etilgen balalar ta'rbiyashısı, jiyi jag'dayda sırt elli» dep tu'sinik berilgen. Patsha, sonın' menen birge sovet Rossiyasında da uzaq waqıtqa shekem o'sip kiyatırg'an jas a'wladtı ta'rbiyalawdı, balalarg'a til, ilim, jaqsı a'detlerdi u'yretiwdi guvernantkag'a tapsırıw qabıl etilgen edi. Waqıttın' o'tiwi menen guvernantkalar umıt bola basladı ha'm olardın' wazıypası kempir apalar menen mektep mug'allimlerinin'

moynına ju'klene basladı. Ha'zirgi waqıtta bolsa kempir apalar tez jasarıp atır, mug'allimler bolsa aqshası ko'p ka'siplerge o'tip ketpekte, sonlıqtan «guvernantka» tu'sinigi bizin' turmısımızg'a qayta kirip atır. Guvernantka menen bala ko'p waqtın birge o'tkeredi. Solay eken, u'yge kelgen adam haq kewil, balalardı jaqsı ko'retug'ın ha'm hu'rmetleytug'ın bolg'anı maqul.

*Pedagog so'zi*: Ha'mme de balaların jaqsı mekteplerge bere almaydı. Balalardı mektepke tayarlawda angliyalı guvernantka itibarg'a ılayıq.

## ***«Danalıq pikirler»di analizlew ushın joybar***

*Danalıq pikirler:* «So'ylegen adam emes, al, tın'lag'an adam mug'allim».

«O'mir – bul ha'reket etiw, al, ha'reket etiw – bul gu'res» - V.G.Belinskiy.

«O'zin'izdi a'zzilikke jen'dirmen': ku'sh o'zin ku'shli dep sanag'an adamda boladı». - A.A. Murashov.

7. İrkilip oqıw.

8. Tarqatpa material. Kurs mashqalaları boyınsha qosımsha mag'lıwmat. Pedagogikalıq ha'reket qıyınshılıq sıpatında. U'sh bag'dar. (Tekst qosımsha etiledi). *U'yge tapsırma:* qıyınshılıqlar boyınsha «Esse» jazıw.

9. Ha'reketti qadag'alaw ha'm studentlerdin' so'zlerin bahalaw. Ag'ımdag'ı reyting qadag'alawdın' maksimal balı – 5 ball.

## **İrkilip oqıw ushın tekst**
## **Pedagogikalıq ha'reket qıyınshılıq sıpatında**
## **U'sh bag'dar.**

1. Ha'rekettin' o'zindegi pedagogikalıq qıyınshılıqlar

Pedagogikalıq ma'selelerdi qoyıw ha'm sheshiw qıyınshılıqları bul ha'reketlerdi tolıq ha'm anıq emes jobalastırıwda, burıng'ı qa'telerdi esapqa almaw na'tiyjesinde, sabaq barısında o'zgeris ha'm qayta du'ziwlerdin' jetkiliksiz da'rejede turaqlasıwında, olardın' mazmunının' qısqarıwında ju'zege keledi. Bul sabaqtın' ko'zabag'a o'tiliwine, oqıwshılardın' qızıg'ıwshılıg'ının' pa'seyiwine sebepshi boladı.

2. Birlesiwdegi qıyınshılıqlardı saplastırıw:

qarım-qatnastag'ı sherik – mug'allimnin' roli:

izinen qalmawshılıq – «kerekli ma'sla'ha'tshi bolıw» uqıbı

«Mug'allim o'zinde oqıwshını tu'siniwge ha'm og'an ta'sir ko'rsetiwge kesent etetug'ın sebeplerdi ko'rmese, oqıwshılardı oqıtıwdag'ı ha'm ta'rbiyalawdag'ı mashqalalardı o'zinin' jeke jumısındag'ı kemshilikler menen baylanıstıra almasa, bul onda jetkiliksiz refleksiyanı ha'm o'zin-o'zi sıng'a alıwdın' to'men ekenligin bildiredi» (A.K.Markova. «Mug'allim miynetinin' psixologiyası». M., 1993, 85 b.).

3. Pedagogikalıq qarım-qatnastag'ı qıyınshılıqlar (o'z-ara kommunikativ ha'reketler), normal qarım-qatnasqa tosqınlıq etetug'ın psixologiyalıq bar'erler:

- Klasstın' qorqınıshı ha'm pedagogikalıq qa'teler;

- Klasstag'ı jumısqa mug'allimnin' jeke ko'rsetpesi menen oqıwshılardın' ko'rsetpelerinin' sa'ykes kelmewi;

- Sabaqta ju'zege kelgen kommunikativ jag'dayg'a o'z ha'reketinin' tuwra kelmewi. (V.A.Kann-Kalik «Mug'allimge pedagogikalıq qarım-qatnas haqqında». M., 1987, 34-35 b.).

*(qansha student bolsa, sonsha dana)*

## 3.3. «Pedagogikalıq texnologiyalar» kursı haqqında

«Pedagogikalıq texnologiyalar» kursı I ha'm II kurslarda oqıtıladı. II kursta pedagogikalıq texnologiya tu'sinigi ilimiy-teoriyalıq tiykarda oqıtılsa, III kursta studentler pedagogikalıq texnologiyanın' tikkeley klassifikatsiyalıq parametrleri menen tanıstırıladı ha'm lektordın' pikirinshe, oqıw ha'm ta'rbiyanın' na'tiyjeli pedagogikalıq texnologiyaları u'yreniledi.

Bul kurstı engiziwdin' a'hmiyeti bilimlendiriw sistemasının' du'zilisi ha'm mazmunındag'ı progressiv o'zgerisler menen baylanıslı.

Ta'lim-ta'rbiya protsesinin' ele de qızıqlı, ha'mmege tu'sinikli bolıwı ushın ne islew kerek? Oqıwshılardı pa'nge qalayınsha qızıqtırıw mu'mkin? Oqıwshılardın' bilim iyelewge itibarsızlıg'ın qalay saplastırıwg'a boladı? Bul sorawlarg'a juwap beriw – «Pedagogikalıq texnologiyalar» kursının' baslı wazıypası bolıp tabıladı.

*Jan'a a'wladtı oqıtıw ha'm ta'rbiyalaw* – O'zbekstan Respublikasının' Kadrlar tayarlawdın' milliy bag'darlaması ta'repinen qoyılg'an wazıypalardı sheshiwdin' ajıralmas bo'legi.

Berilgen oqıw kursınan ken' tu'rde paydalanbay turıp, bilimlendiriw sistemasında tu'pkilikli sapa o'zgerislerin a'melge asırıw mu'mkin emes.

*«Pedagogikalıq texnologiyalar» oqıw kursının' baslı maqseti* – bolajaq mug'allimlerdi o'zlerinin' professionallıq xızmetinde pedagogikalıq texnologiyalardı a'meliy qollanıw bilim ha'm ko'nlikpeleri menen qurallandırıwdan ibarat.

Sizlerge pedagogikalıq texnologiyalar haqqında mag'lıwmatlardı bergende oqıtıw texnologiyasının' o'zinen qalay paydalanıw kerekligin analizlewdi usınamız. Ma'selen, oqıtıw mashqalasının' texnologiyası boyınsha lektsiya oqılıp atır, solay eken, bul mag'lıwmattı oqıtıw mashqalası texnologiyasının' o'zin qollanıw tiykarında beriw kerek.

## 3.4. «Keskin pikirlewdi rawajlandırıw boyınsha oqıtıw texnologiyası» temasında lektsiya sabag'ı

*(joba boyınsha temag'a 4 saat belgilengen)*

*Lektsiya sabag'ının' maqseti:* sın pikirlew haqqında ulıwma tu'sinik beriw ha'm protsesste sın pikirlew ha'reketin ko'rsetiw.

Bul maqsetke erisiw ushın 2 saat ajıratılg'an, kelesi 2 saatta bolsa sabaqtın' maqseti – pedagogikalıq protsesste sın pikirlewdi rawajlandırıwg'a ja'rdem beretug'ın belsendi ha'm interaktiv oqıtıw usılları menen teoriyalıq ha'm a'meliy tanısıw ha'm rawajlandırıwdan ibarat.

«Sın pikirlewdi rawajlandırıw boyınsha oqıtıw texnologiyası» teması boyınsha lektsiya sabag'ının' texnologiyalıq kartası

***Maqset:***

- Kurs boyınsha studentlerdin' teoriyalıq bilimleri menen a'meliy ha'reketlerdin' o'zara tıg'ız baylanısın ornatıw;

- sın pikirlewdi rawajlandırıw ushın oqıtıw texnologiyası boyınsha teoriyalıq ha'm a'meliy bilimlerdi iyelew;

- «Fasilitator»dın' pedagogikalıq xızmeti ko'nlikpeleri menen tanısıw ha'm qa'liplestiriw;

***Wazıypalar:***

- lektsiya tın'lawshılarının' o'zlerinin' oqıw-biliw ha'reketi;
- bakalavrlardın' jeke ha'm topar bolıp pikirlew xızmetin sho'lkemlestiriw;
- Berilgen mashqala boyınsha o'z betinshe biliw xızmetin sho'lkemlestiriw;

*Protsessti sho'lkemlestiriw:*

Lektsiyalıq sabaqlar plyus a’meliy sabaqtın’ elementleri.

***Usıllar:*** «Miyge hu’jim», «İnsert», gu’rrin’lesiw, dialoglıq so’z.

***Formalar:*** Jeke forma, kishi toparlar, toparlıq.

***Qurallar:*** tarqatpa material, tekst, vatman, markerler, por, taxta.

***Qadag’alaw:*** Ag’ımdag’ı reyting qadag’alaw boyınsha studentlerdin’ belsendiligin ballıq sistemada bahalaw.

***Perspektiva:*** Studentlerdin’ sın pikirlewdi rawajlandırıw boyınsha oqıtıw texnologiyasın pedagogikalıq a’meliyatta ha’m keleshektegi professionallıq pedagogikalıq xızmetinde qollanıwı.

***Lektsiya sabag’ının’ barısı:***

Bul lektsiya sabag’ın o’tkeriw ushın bizler a’meliy sın pikirlew ha’reketin model’ sabag’ı u’lgisinde ko’rsetiwdi maqsetke muwapıq dep taptıq.

Usıg’an baylanıslı lektsiya sabag’ın eki basqıshqa bo’ldik. Birinshi basqıshta sın pikirlewdi rawajlandırıw boyınsha model’ sabag’ı ko’rsetiledi. Ekinshi basqıshta lektsiya sabag’ına berilgen tema boyınsha teoriyalıq mag’lıwmatlar analizlenedi.

Model’ sabag’ına ten’iz tasbaqaları menen baylanıslı, RKMChP joybarı materiallarınan tekstler tiykar etip alındı, olardın’ mazmunı o’zgertilmedi, sebebi:

- tekst pikirlew ushın qızıqlıraq;
- «Soros» ja’rdeminde tekst ko’beytilgen;
- model’ sabag’ının’ mazmunı burın qollanılg’an, bul onı qollanıw ko’nlikpelerinin’ rawajlandırıwg’a ja’rdem berdi;
- baslı maqset – model’ sabag’ının’ tiykarg’ı mazmunı emes, al, studentlerdin’ pikirlew ha’reketi protsesi.

Biz Djenni Still, Kert Meredis ha’m Charlz Templler ta’repinen islep shıg’ılg’an «Sın pikirlewdi rawajlandırıw boyınsha xat ha’m oqıw» materialının’ mazmunınan paydalandıq.

Birinshi wazıypa ten’iz tasbaqaları boyınsha miyge hu’jim jasawdan ibarat bolıp, studentler biletug’ınlarının’ ha’mmesin eske tu’sirdi yamasa oylandı ha’m bul bilimlerdin’ dizimin qag’azg’a tu’sirdi, yag’nıy, jumıs jeke ta’rizde alıp barıldı.

Kelesi basqısh toparlıq diskussiya boldı. Studentler toparlıq bilimlerin bir-biri menen bo’listi. Bul waqıtta mag’lıwmatlardın’ durıs yamas nadurıs bolg’anlıg’ına qaramastan, olardın’ ten’iz tasbaqaları haqqında nelerdi bilgenin yamasa oylag’anın

eslew ha'm yadtan shıg'arıp taslawı za'ru'r edi. Bul mag'lıwmat markerler menen vatman qag'azlarına jazıp barıldı.

Miyge hu'jim jasawdı o'tkergennen keyin Kit G.Xaydın' avtorlıg'ındag'ı «Ten'iz tasbaqaları» maqalasın oqıp shıg'ıwdı soradıq. Studentler teksttin' mazmunı menen tanısqannan keyin, biz olardın' dıqqatın miyge hu'jim jasawdın' na'tiyjelerine qarattıq. Sonın' menen birge bizin' pikirlerimizge tuwra kelmeytug'ınların dizimnen o'shirip taslap, tekstten jan'adan bilgenlerin qosıp bardıq.

Son' «Endi tekstti ja'ne bir ma'rte oqıp shıg'ıw kerek. Sizler onı oqıw barısında maqalada belgi qoyıp barıwın'ız kerek» dep ja'riyaladıq. Belgiler to'mendegidey bolıwı kerek:

**«*V*» -** eger sizin' oqıg'anların'ız bilgenlerin'izge yamasa bilemen dep oylag'anların'ızg'a sa'ykes kelse «*V*» (awa) belgisin qoyın';

**«-» -** eger sizin' oqıg'anların'ız bilgenlerin'izge sa'ykes kelmese «-» (minus) belgisin qoyın';

**«+» -** eger sizin' oqıg'anların'ız siz ushın jan'alıq bolsa «+» (plyus) belgisin qoyın';

**«?» -** eger sizin' oqıg'anların'ız tu'siniksiz bolsa yamasa siz berilgen soraw boyınsha ja'ne de ko'birek bilgin'iz kelse «?» (soraw) belgisin qoyın'.

Biz jeke keste islep otırmadıq, miyge toparlıq hu'jim jasaw payıtında plakatta jazılg'an ideyalarg'a qayta otırıp, «İnsert» usılındag'ı maqalanın' mazmunın dodalaw menen sheklendik. Bug'an sebep bolg'an na'rse, sabaqtın' ko'pshilik waqtın biz onın' ekinshi bo'limine, yag'nıy, sın pikirlewdi rawajlandırıw teoriyasına ajırattıq.

Lektsiya sabag'ının' ekinshi basqıshı da'stu'riy tu'rde, gu'rrin'lesiw usılında o'tkerildi, biraq, da'slep biz «sın pikirlew» tu'sinigi menen baylanıslı bolg'an «miyge hu'jim» sho'lkemlestirdik, bunın' tiykarında studentler menen birgelikte «sın pikirlew» tu'siniginin' mazmunın anıqladıq. Sın pikirlew – mag'lıwmattı qabıl etiwden baslanıp, sheshim qabıllaw menen juwmaqlanatug'ın quramalı oylaw protsesi.

Ulıwma alg'anda, teoriyalıq materialdı model' sabag'ı u'lgisinde ma'jbu'riy tu'rde dodalaw lektsiya sabag'ının' ekinshi basqıshı boldı.

Da'slep taxtag'a jazılg'an bul basqıshtın' gilt so'zleri mınalar edi:

***sın pikirlew, shaqırıw - mazmundı tu'sinip jetiw - pikir ju'rgiziw basqıshları.***

Oqıtıwshının' sın pikirlew, sın pikirlewdin' rawajlanıw basqıshları: shaqırıw - mazmundı tu'sinip jetiw - pikir ju'rgiziw gu'rrin'lesiw ha'm ten'iz tasbaqaları haqqındag'ı

model' sabaqtı analizlew usılı menen tolıqtırıldı. Studentler oqıtıwshı-lektor menen birgelikte model' sabag'ı protsesinde olardın' oylaw ha'reketinin' anaw yaki mınaw basqıshının' qay jerde bolıp o'tkenligin anıqladı.

Kelesi lektsiya sabag'ında ha'reket na'tiyjeliligin a'melge asırıwda sın pikirlewdi rawajlandırıw boyınsha usınıs etiletug'ın a'debiyatlar quramın islep shıg'ıw u'yge tapsırmag'a berildi. Joba boyınsha ol da «Sın pikirlewdi rawajlandırıw boyınsha oqıtıw texnologiyası» temasına esaplang'an edi.

## Rezyume

Birge islesiw ha'm o'z-ara isenim – bular sabaqtın' tabıslı o'tiwinin' za'ru'rli sha'rtleri. Biraq, bunday atmosferanı jaratıw an'sat is emes. Qımbatlı ka'siplesler! En' baslısın tu'sinip alıw kerek. Bul sotsiallıq buyırtpa. Bul zamannın' talabı. Jan'a texnologiyalardı qabıl etpey turıp, «Eski», «Da'stu'riy» texnologiyalar boyınsha islew mu'mkin emes.

Ko'pshilik pedagoglar,  a'sirese, u'lken is stajına iye bolg'an mug'allimler da'stu'riy texnologiya boyınsha oqıtıwdın' a'meldegi usıllarına su'yene otırıp, sabaq o'tiwdin' jan'a kontseptsiyaların qabıl etpeydi. Men bug'an kelispeymen, nege degende, interaktiv oqıtıwdı qollana otırıp, biz sabaqta studentlerde bar bolg'an ta'jiriybe tiykarında jan'a bilimlerge iye bolıwına ja'rdemlesetug'ın sha'rayatlardı jaratamız. İnteraktiv usıllardı, oqıtıwdın' na'tiyjeli texnologiyaların qollanıw arqalı sonday atmosferanı jaratımız, onda studentler tek bizden g'ana emes, al, bir-birinen de u'yrenedi, arasında bizler de olardan u'yrenemiz.

Bizin' studentlerimizdin' jazg'anlarına itibar berin': «Bunday sabaqlar aqılıy ha'reketlerge ja'rdem beredi, yag'nıy, topar qatnasıwshıları arasındag'ı ba'sekili ma'selelerdi sheshemiz», «Mag'an materialdı topardın' ha'r bir ag'zasına jetkeriw juwapkershiligi ju'klengen edi. Bul lawazım mag'an unadı. Onı atqara aldım dep oylayman», «Ba'rinen burın mag'an ja'ma'a'tegi belsendi birge islesiw unadı», «Mag'an o'zimnin' pikirimdi aytqanım, o'z ko'z-qarasımdı bildire alg'anım, basqa adamlardı tın'lay bilgenim unadı. Qarım-qatnasımız bir-birimizdi jaqsı biliwge ja'rdem berdi, sonday-aq, alg'an bilimlerimiz jaqsı o'zlestirildi ha'm bekkemlendi».

Studentlerdin' sabaqqa bolg'an qızıg'ıwshılıg'ı keskin arttı. Bul pedagogikalıq protsessti tabıslı o'tkeriwdin' en' baslı sha'rtlerinin' biri. A'meliyatta biz studentlerdin' itibarsızlıg'ına, olardın' anaw yaki mınaw pa'n boyınsha ko'zabag'a, sınaq da'ptershesine to'men baha tu'spewi ushın o'zlerin qıynap oqıytug'ın jag'daylarg'a jiyi-jiyi dus kelemiz.

# *Juwmaq*

***İnteraktiv oqıtıw –*** bul oqıtıwdın' qarım-qatnasqa ju'klengen tu'ri. Ol bilimlendiriw protsesinin' aqırg'ı juwmaqtag'ı maqsetin ha'm tiykarg'ı quramın saqlaydı, biraq formanı o'z-ara tu'siniw ha'm o'z-ara ha'reketke tiykarlang'an dialoglıq formag'a o'zgertedi.

Ayırım pedagoglar interaktiv oqıtıwdın' tek sırtqı ko'rinisleri: oqıwshılar menen erkin qatnas jasaw, erkin pikir alısıw, bahanı ko'teriw ha'm t.b. sheklenip qaladı. Ol interaktiv oqıtıwdın' tiykarg'ı mazmunın o'zgertip jiberedi, onı pedagogikanın' jen'illestirilgen variantına aylandıradı (eger protsess jen'il ha'm erkin o'tse, «shıg'arlıq»ta na'tiyjeler qanaatlandırarsız bolıp qaladı).

A'meliyattın' ko'rsetiwinshe, bilimlendiriw protsesinde oqıtıwg'a interaktiv jantasıwdın' qollanılmawının' ja'ne bir sebebi, pedagoglardın' bunday sabaqlardı sho'lkemlestiriw texnologiyası menen tanıs emesliginde.

Solay etip... Zamanago'y bilimlendiriwde interaktiv oqıtıw kerek pe? Oqıtıwdın' bunday tu'ri bilimlendiriwdin' pedagogikalıq, psixologiyalıq ha'm sotsiallıq mashqalaların sheshe ala ma?

*İnteraktiv rejimdi engiziw ne beredi? O'zlerin'iz oylap ko'rin':*

- ulıwma jumısqa aralasıwdı tu'siniw;
- jeke refleksiyanın' rawajlanıwı;
- oqıw (ha'm basqa) ha'reketinde belsendi, sub'ektiv pozitsiyanın' qa'liplesiwi;
- kishi toparda qarım-qatnas ha'm o'z-ara ha'reket ko'nlikpelerinin' rawajlanıwı;
- topardın' bahalı-bag'darlaw birliginin' qa'liplesiwi;
- jag'dayg'a baylanıslı sotsiallıq rol'lerdin' maslasıwın xoshametlew;
- birgeliktegi is-ha'rekettin' a'dep-ikramlılıq norma ha'm qag'ıydalarının' qabıl etiliwi;
- ja'ma'a'ttin' toparlıq birlik sıpatında qa'liplesiwi;
- ja'ma'a'ttin' biliw belsendiligin joqarılatıw;
- toparlıq refleksiya protsesinde analizlew ha'm o'zin-o'zi analizlew ko'nlikpelerinin' rawajlanıwı;

- bilimlendiriw protsesin sho'lkemlestiriwge standart emes qatnas;

- oqıw materialın ko'p o'lshemli o'zlestiriw;

- tek oqıwda g'ana emes, al, basqa da jag'daylarda o'z-ara jeke ha'reketke motivatsiyalıq tayarlıqtın' qa'liplesiwi.

Solay etip, interaktiv oqıtıwdın' bizin' pedagogikamızdın' qızıqlı, do'retiwshilik, perspektivalı bag'darı ekenligine gu'man joq.

# TEMATIKALIQ SO’ZLIK

***Adaptatsiya* –** 1. O’z betinshe sho’lkemlestiriletug’ın sistemalardın’ ortalıqtın’ o’zgeriwshen’ sharayatına beyimlesiwi. 2. T.Parsons teoriyasında sırtqı ortalık penen o’z-ara zatlıq-energetikalıq ha’reket etiw, sotsiallıq sistemanın’ integratsiya, maqsetke erisiw ha’m bahalı u’lgilerdin’ saqlanıwın a’melge asırıwdın’ funktsional’ sha’rtlerinin’ biri.

***Biliw belsendiligi* –** shaxstın’ bilimge turaqlı qızıg’ıwshılıg’ında, ha’r qıylı oqıw ha’reketlerine bolg’an talabın qanaatlandırıwda ko’rinetug’ın o’zgeshelikleri.

***Oqıtıwdın’ belsendi usılları* –** 1. Oqıwshının’ ha’reketi jemisli, do’retiwshilik, izleniwshilik xarakterge iye bolatug’ın usıllar. 2. Oqıwshılardın’ biliw ha’reketin xoshametleytug’ın ha’m dialoglarg’a qurılatug’ın, anaw yaki mınaw mashqalanı sheshiw jolları boyınsha erkin pikir alısıwdı mo’lsherleytug’ın usıllar. Olardın’ qatarına: gu’rrin’lesiw, disput, tematikalıq seminar, jumıs oyını, trening jatadı.

***Pedagogikalıq ta’jiriybenin’ aktuallıg’ı* –** aldın’g’ı pedagogikalıq ta’jiriybe kriteriyalarının’ biri. Ol ja’miyetlik rawajlanıwdın’ zamanago’y tendentsiyalarında, pedagogikalıq ilimnin’ aldın’g’ı ideyalarında ko’rinedi. Aldın’g’ı ta’jiriybede ja’miyet ha’m ma’mleket ta’repinen berilgen sotsiallıq buyırtpa ja’mlesedi.

***Al’ternativ oqıtıw* –** bilimlendiriw protsesin jedellestiriwge, shaxstın’ potentsial resursların mobilizatsiyalawg’a ja’rdem beretug’ın, oqıtıwdın’ tariyxıy turaqlı da’stu’rlerge ha’m mu’mkinshiliklerge iye bolg’an forma ha’m usıllarının’ didaktikalıq a’hmiyetin ku’sheytetug’ın oqıtıwdın’ jan’a texnologiyaların qollanıw.

***Psixologiyada o’z-ara ha’reket etiw* –** bir-birewge tikkeley yamasa ob’ektler (sub’ektler) ja’rdeminde ta’sir etiw, ol o’z-ara baylanıstı keltirip shıg’aradı. O’z-ara ha’rekettin’ o’zgesheligi – onın’ sebepli sha’rtlengenligi. O’z-ara ha’reket etetug’ın ta’replerdin’ ha’r biri qarama-qarsı ta’reptin’ bir waqıttın’ ishinde qayta ta’sir etiwinin’ sebebi ha’m na’tiyjesi retinede qatnasadı, bul ob’ektlerdin’ ha’m olardın’ rawajlanıwın bildiredi. Eger o’z-ara ha’rekette qarama-qarsılıq ju’zege kelse, onda ol du’zilislerdin’ ha’reketinin’ ha’m rawajlanıwının’ deregi bolıp xızmet etedi. O’z-ara ha’reket materiallıq protsess sıpatında materiyanın’, ha’rekettin’ ha’m mag’lıwmatlardın’ beriliwi menen birge alıp barıladı: ol salıstırmalı tu’rde belgilengen ken’islik ha’m waqıtta aqırg’ı tezlik penen a’melge asırıladı. Biraq, bul sheklewler tek tikkeley o’z-ara

ha'reketke ta'sir etedi, onın' basqa formalarında bolsa, ken'isliktegi ha'm waqıttag'ı sheklewler ko'p ma'rte a'zzilengen.

***O'z-ara toparlıq ha'reket*** **–** bir-birewge tikkeley yamasa ko'plegen ob'ektler (sub'ektler) ja'rdeminde ta'sir etiw, ol o'z-ara baylanıstı keltirip shıg'aradı. Bul toparlardın' bo'limleri arasında da, toparlar arasında da ju'zege keledi. Du'zilislerdin' jaratılıwına ta'sir etetug'ın, bir pu'tin etip birlestiriwshi faktor sıpatında qatnasadı.

***Shaxslar arasındag'ı o'z-ara ha'reket*** **–** 1. Ken' ma'niste - eki ha'm onnan artıq adamnın' tosattan yamasa aldınnan belgilengen, jeke yamasa a'shkar, uzaq yamasa qısqa dawam etetug'ın, awızeki yamasa awızeki emes jeke qatnası. Bul olardın' minez-qulqındag'ı, ha'reketlerindegi, qarım-qatnasındag'ı o'zgerislerdi keltirip shıg'aradı. 2. Tar ma'niste – tsikllik sebeplerge g'a'rezli bolg'an jeke ha'reketlerdin' o'z-ara sha'rtleniw sisteması. Bunda qatnasıwshının' ha'r biri basqalardın' minez-qulqına ha'm stimul, ha'm rektsiya sıpatında ta'sir etedi.

*Shaxslar arasındag'ı o'z-ara ha'rekettin' qarım-qatnas forması sıpatındag'ı tiykarg'ı belgileri:*

1) **predmetlilik** - o'z-ara ha'reket etetug'ın individlerge qatnasında maqsettin' (ob'ekttin') bar ekenligi, onın' a'melge asırılıwı ku'shleniwdi talap etedi;

2) **eksplikatsiyalılıq** – dizimge alıwda qaptaldan baqlawg'a erisiw;

3) **situatsiyalılıq** – dawamlılıqtın', tezliktin', interaktsiyanın' norma ha'm qag'ıydaları sha'rtleri menen belgilengen qatal reglamentatsiya, bunda ol salıstırmalı tu'rde turaqsız, o'zgeriwshi fenomen bolıp qa'liplesedi;

4) **refleksiv ko'p tu'rlilik** - o'z-ara shaxslar aralıq ha'reket ushın sub'ektiv maqsetlerdi tu'sinip jetiw ha'm ja'ma'a'tlik ha'rekettin' quramalı tu'rlerinde birgelikte qatnasıwdı ayırım jag'daylarda tu'sinip jetiw mu'mkinshiligi.

***O'z-ara pedagogikalıq ha'reket*** **–** bilimlendiriw sub'ekt ha'm ob'ektlerinin' bilimlendiriw halatı menen determinlestirilgen ayrıqsha baylanısı. Ol ha'diyse-mag'lıwmatlıq, sho'lkemlestiriw-iskerlik ha'm emotsional-empatiyalıq birlikke tiykarlanıp, pedagogikalıq protsessti sho'lkemlestiriwde sanlıq ha'm sapalıq o'zgerislerge alıp keledi.

***Eki ta'repleme oqıtıw*** **–** toparlıq oqıtıw usılı, bunda ha'r bir oqıwshı bir waqıttın' o'zinde topardın' basqa ag'zalarına mug'allim boladı ha'm olarg'a o'zi jaqsı biletug'ın

bilim ha’m ko’nlikpelerdi o’zlestiriwge ja’rdemlesedi. Bul oqıw materialın o’zlestiriwdin’ ulıwma da’rejesinin’ ten’lesiwine ja’rdemlesedi.

***Topar*** **–** 1. Qa’legen ulıwma belgiler: ken’islik ha’m waqıtta ulıwma jaylasıw, ha’reket, ekonomikalıq, demografiyalıq, psixologiyalıq ha’m basqa da xarakteristikalar tiykarında birlesken individler jıyındısı. 2. Arasında qanday da bir tuwra yamasa qıya sotsiallıq qatnaslar bar bolg’an individler jıyındısı. 3. O’zleri ta’repinen qabıl etilgen normalarg’a a’mel etetug’ın, o’z-ara ha’rekettin’ standartlastırılg’an u’lgileri tiykarında olar ta’repinen shıg’arılg’an buyrıqlardı orınlaytug’ın individler jıyındısı. Toparlardın’ tu’rleri: sırtqı/ishki, jas o’zgesheligine qaray, ta’biyiy, qadag’alawshı, kishi, ra’smiy emes, baslang’ısh, professional, referentli, ra’smiy ha’m t.b.

***Toparlıq sa’ykeslik*** **–** bul topar ag’zalarının’ bir ja’ma’a’tte bolıw tilegin,. olardın’ o’z-ara tu’sinisiwge, ja’rdem beriwge ha’m qollap-quwatlawg’a tayar ekenligin, sonday-aq, topardın’ barlıq ag’zalarının’ maqsetke bag’darlang’an ha’m sho’lkemlesken toparlıq jumısqa uqıplı ekenligin bildiretug’ın xarakteristikası.

**Toparlıq pikir** – ja’miyet ha’m berilgen topar ushın a’hmiyetke iye bolg’an ma’selelerdi toparlıq bahalaw pikiri, a’dette ol berilgen topardın’ a’dep-ikramlılıq normalarına ta’sir etedi. Kishi (kontaktlı) ha’m u’lken toparlardın’ pikirlerin ajıratadı.

***Ja’ma’a’tlik ha’reket*** **–** 1. Sotsiallıq a’hmiyetke iye bolg’an ulıwma maqsetke erisiw ushın individler toparının’ kelisim menen isleytug’ın ha’reketi. 2. Ko’pshilik individlerdin’ ulıwma norma ha’m bahalılıqlar menen emes, al, uqsas ta’sirler ha’m qorshag’an ortalıqtın’ bir tu’rdegi ta’sir etiwi menen sha’rtlengen bir tu’rdegi minez-qulıqları.

***Toparlıq dinamika*** **–** 1. Basqa toparlardı qosqanda kishi topardag’ı individlerdin’ o’z-ara ha’reket etiw u’lgilerinin’, olardın’ ha’m qorshag’an ortalıqtın’ o’z-ara ta’sirinin’ o’zgerislerin u’yreniw. 2. Jetekshilik ma’selelerin, toparda sheshim qabıllawdın’ kommunikatsiyaların ha’m protseslerin u’yrenetug’ın ta’rtip-intizam.

***Ta’rtip-intizam*** **–** ja’miyettin’ (toparlardın’) barlıq ag’zaları ushın ornatılg’an qag’ıyda ha’m normalarg’a bag’ınıwda ko’rinetug’ın sotsiallıq qatnasıqlar, olardın’ ja’rdeminde ha’reketlerdin’ kelisimine erisiledi. Adamlardı basqarıwdı retlestiretug’ın normalardın’ interiorizatsiyasına tiykarlang’an ishki ta’rtip-intizamdı ha’m sanktsiyalarg’a su’yenetug’ın sırtqı (ma’jbu’riy) ta’rtip-intizamdı ajıratadı.

***Nızam*** **–** 1. Qa'liplesiw protsesinin' basqısh ha'm formaların, ta'biyat qubılıslarının', ja'miyetti ha'm ruwxıy ma'deniyattın' rawajlanıwın belgileytug'ın, real du'n'ya ha'diyselerinin' za'ru'rli, a'hmiyetli ha'm turaqlı ta'kirarlanıp turatug'ın baylanısları. Ulıwma, spetsifikalıq, universal nızamlardı ajıratadı. 2. Adamnın' minez-qulqın sotsiallıq qadag'alaw maqsetinde retlestiretug'ın ornatılg'an standartlastırılg'an normalar jıynag'ı. 3. Ma'mleketlik ha'kimiyattın' joqarı organı ta'repinen ornatılg'an nızamshılıq ta'rtipte qabıl etiletug'ın normativ akt.

***Oyın*** **–** 1. Ta'biyiy, erkin ha'reket (utilitar-a'meliy ha'reketke qarama-qarsı tu'rde), dem alıw, sharshag'andı shıg'arıw talapların qanaatlandırıwg'a, sonday-aq, belgilengen ko'nlikpe ha'm sheberliklerdi rawajlandırıwg'a bag'darlang'an sub'ektti ko'rsetiw forması. 2. Dj. Mid boyınsha u'lkenlerge eliklew na'tiyjesinde olardın' qa'diriyatların, ko'rsetpelerin qabıl etetug'ın, belgili bir sotsiallıq rol'lerdi atqarıwg'a u'yrenetug'ın ha'reket.

***Birdeylik*** – 1. O'zgeriwshen' sotsiallıq halatlarda individtin' o'zgermey qalıw o'zgesheligi. 2. İndividtin' o'zin basqalardan o'zge shaxs sıpatında seziwinin' na'tiyjesi.

***Birdeylestiriw*** **–** 1. ja'miyetlik qatnasıqlardın' tariyxıy rawajlanıw basqıshında adamnın' o'z betinshe sub'ekt sıpatında ajıralıp shıg'ıw protsesi. 2. Sotsiallıq talaplardın', ku'tilgen na'tiyjelerdin', normalardın', tutınıw o'zgesheligi qa'diriyatlarının', individlerdin' ha'reket o'zgesheliklerinin' aralasıwının' protsesi ha'm na'tiyjesi.

***Oqıtıwdı birdeylestiriw*** **–** oqıwshılardın' jeke o'zgesheliklerin esapqa alg'an halda oqıw protsesin sho'lkemlestiriw; ha'r bir oqıwshının' potentsial mu'mkinshiliklerin a'melge asırıw ushın qolaylı mu'mkinshiliklerdi jaratadı. Jeke ha'm toparlıq tapsırmalar oqıtıwdı birdeylestiriwdin' quralları bolıwı mu'mkin.

***Biypa'rwalıq*** **–** qorshag'an ortalıqqa qızıg'ıwshılıqtın' joqlıg'ı, biypa'rwalıq, passivlik xarakterdin' o'zgeshelikleri.

***İntegratsiya*** **–** 1. Ayırım qa'nigelestirilgen elementlerdin' o'z-ara g'a'rezliligine tiykarlang'an protsess. Onın' na'tiyjesinde sistema ishinde birlikke, bir pu'tinlikke, kelisimge erisiledi. 2. T.Parsons boyınsha o'z-ara sotsiallıq ha'reketlerdin' ha'm xızmetkerler arasındag'ı qatnastı qa'liplestiriw ha'm qollap-quwatlaw protsesi. Ol sotsiallıq sistemanın' ten'salmaqlılıg'ı menen bir qatarda maqsetke erisiw ha'm qa'diriyatlardı saqlawdın' funktsional sha'rtlerinin' biri.

***İntegrativ sabaq*** **–** bir neshe quramalı oqıw distsiplinalarının' mazmunın birlestiretug'ın sabaq. Oqıwshılarda quramalı protsessler, tiykarg'ı tu'sinikler, nızamlar, mashqalalar haqqında bir pu'tin, sistemalı tu'sinikti qa'liplestiriwde, a'sirese, eger teoriya menen a'meliyat arasındag'ı organikalıq baylanıstı ko'rsetiw za'ru'r bolg'an jag'daylarda qollanıladı.

***İnteraktiv oqıtıw*** **–** bilimlendiriw protsesinde qatnasıwshılardın' o'z-ara ha'reketinin' dialoglıq formasına tiykarlang'an biliw usılı; qarım-qatnasqa ju'klengen oqıtıw, onın' barısında oqıwshılarda birge islesiw ko'nlikpeleri qa'liplesedi.

***Simvollıq interaktsionizm*** **–** tiykarg'ı dıqqattı o'z-ara ha'rekettin' simvollıq aspektlerin u'yreniwge qaratatug'ın interaktsionizm interpretatsiya barısında ja'miyetti sotsiallıq halat qatnasıwshıları ta'repinen mazmundı islep shıg'ıw ha'm o'zgertiw protsesi sıpatında tu'sindiredi.

***Sotsiallıq interaktsiya*** **–** 1. Kommunikatsiya barısında individler ha'm toparlar o'zlerinin' minez-qulqı menen basqa individlerge ha'm toparlarg'a ta'sir etetug'ın, olarda juwap reaktsiyaların keltirip shıg'aratug'ın protsess. 2. İndividlerdin', toparlardın', sotsiallıq sistemalardın', ja'miyetlerdin' bir-birine ta'sir etiw protsesi.

***Qızıg'ıwshılıq*** **–** adamnın' predmetlerdi ha'm qorshag'an shınlıqtı biliwge bag'darlanıwı, bul onın' unamlı emotsional keshirmeleri menen baylanıslı boladı. Qızıg'ıwshılıqlar epizodlıq ha'm turaqlı bolıp bo'linedi.

***İnteriorizatsiya*** **–** real sırtqı ha'reketlerdin', predmetlerdin' o'zgesheliklerinin', qarım-qatnastın' sotsiallıq normalarının' turaqlı ishki sapasına aylanıw protsesi, ol individtin' ja'miyette islep shıg'ılg'an norma, qa'diriyatlar, isenimler, tu'siniklerdi o'zlestiriwi arqalı a'melge asırıladı.

***Gilt so'z*** **–** joqarı a'hmiyetke iye deskriptor, ol xabardın' tiykarg'ı mazmunın, xabardın' ilajı bolg'anınsha qısqartılg'an ha'm ra'smiylestirilgen tezaurusın ashıp beredi.

***Kommunikativ*** **–** baylanıstı izleydi ha'm ta'miyinleydi. Maqseti baylanıstı ha'm qarım-qatnastı ornatıw bolg'an kommunikativ xızmetti, adamnın' kommunikativ uqıpların yamasa na'tiyjeli qarım-qatnastı ornatıwg'a beyimliligin, ra'smiy emes ha'm jumıs jag'dayında qarım-qatnastın' erkinligin ha'm jen'illigin xarakterleytug'ın o'zgesheliklerdi, kommunokabel'lilikti ajıratadı.

***Pikirler jetekshisi* –** adamlar mag'lıwmat ha'm ma'sla'ha't alıw ushın mu'ra'jat etetug'ın, olardın' pikirine sezilerli ta'sir ko'rsetetug'ın topardın' abıraylı ag'zası.

***Ra'smiy emes jetekshi* –** toparg'a o'zinin' ra'smiy statusı menen emes, al, abırayı ha'm uqıbı menen ta'sir ko'rsetetug'ın individ.

***Nominal jetekshi* –** ra'smiy jetekshi statusına iye, biraq, onın' funktsiyaların is ju'zinde orınlamaytug'ın individ.

***Ekspressiv jetekshi* –** o'zinin' topardın' qızıg'ıwshılıqların, pikirin, keypiyatın ko'rsetiw, basımdı azaytıw, topar atınan shıg'ıp so'lew uqıbı menen topardın' emotsional atmosferasına ta'sir etetug'ın lider.

***Shaxslıq jantasıw* –** pedagogtın' ta'rbiyalanıwshıg'a sanalı, ta'rbiyalıq ha'reket sub'ektine juwapker shaxs sıpatında izbe-izlilik penen qatnas jasawı. Shaxslıq jantasıw ta'rbiyalanıwshıda o'zin shaxs sıpatında tu'siniwge ja'rdemlesedi. Biraq, a'meliyatta shaxslıq jantasıw ele u'stemlikke iye emes ha'm jiyi jag'dayda jeke jantasıw menen almastırıladı.

***Miyge hu'jim* –** toparlıq oqıtıw ha'm biliw ha'reketin xoshametlew usılı, diskussiyanı sho'lkemlestiriw barısında qoyılg'an ma'selelerdi birgelikte sheshiw arqalı a'melge asırıladı. Qatnasıwshılardı o'z ideyaların erkin bildiriwge iytermeleydi.

***Ra'smiy emes oqıw toparı* –** biliw ma'plerin ulıwmalastırıw tiykarında birikken ha'm real qurılg'an qatnasıqlardı ra'smiylestiriwsiz oqıw xızmeti menen birgelikte shug'ıllanatug'ın adamlar toparı.

***Rol'ler almasıw* –** basımdı azaytıw maqsetinde atqarılatug'ın sotsiallıq rol'lerdi birlestiriw, konfliktlerden qashıw ha'm ko'p qırlı rol'lik minnetlemelerdi a'dewir joqarı da'rejede orınlaw protsesi.

***Qarama-qarsı baylanıs* –** ob'ekttin' ha'reket etiw na'tiyjelerinin' protsesstin' o'zine ta'sir etiwi. Qarama-qarsı baylanıs individke basqa adamlardın' mag'lıwmattı qalay qabıl etetugınlıg'ın, onın' ha'reketine qalay juwap beretug'ının tu'sindiredi. Qarama-qarsı baylanıs individke shaxslar arasında ha'm jumıs babında o'zinin' rolin qalay tu'siniw ha'm bahalaw mu'mkinshiligin beredi. Qarama-qarsı baylanıs tuwra, qıya, tez, qaldırılg'an, shaxslıq bolıwı mu'mkin.

***Qarım-qatnas* –** 1. Basqalar menen qatnasta adamnın' talapların qanaatlandıratug'ın xızmetler, ko'nlikpeler, sheberlik, ta'jiriybe, mag'lıwmatlardı tikkeley almasatug'ın individlerdin' yamasa sotsiallıq toparlardın' o'z-ara ha'reketi. 2. Adamlar arasındag'ı qarım-qatnastı ornatıwdın' ha'm rawajlandırıwdın' quramalı, ko'p jobalı protsesi,

birgeliktegi xızmettin' talapları na'tiyjesinde kelip shıg'adı ha'm mag'lıwmat almasıwdı o'z ishine aladı.

***Ob'ekt*** **–** sub'ekt penen o'z-ara baylanıstın' belsendiligine bag'darlang'an shınlıq fragmenti. Bul anıqlamadan «ob'ekt»tin' belgilerin ajıratıp ko'rsetiw mu'mkin: ol real ha'reket etedi; ha'reketi arqalı sub'ekt penen baylanısadı; sub'ekt ha'reketinin' «adresatı» bolıp tabıladı. Bul belgilerdin' barlıg'ı ta'lim-ta'rbiya protsesinde oqıwshılardın' pozitsiyasına muwapıq keledi.

Biraq, bunday tu'sinik oqıw ha'reketinde oqıwshının' passiv (ob'ektli) rolin an'latadı. XX a'sirdin' ortalarınan baslap pedagogikanı rawajlandırıw tendentsiyası oqıtıwdın' da'stu'riy qabıl etilgen da'stu'rin bilimlendiriw protsesi qatnasıwshılarının' sub'ektiv-ob'ektiv qatnasıqlarınan sub'ektiv-sub'ektiv qatnasıqlarına qayta bag'darlawg'a qaratılg'an.

***Qarama-qarsı ku'shler pedagogikası*** **–** bilimlendiriw protsesi sub'ektlerinin' qarama-qarsı baylanısının' u'zliksiz jetilisip barıwı, olardın' shaxsqa bahalı qatnasıqları menen xarakterlenedi, bul haq kewillilikte, bir-birewdi qollap-quwatlawda, birge islesiw ko'nlikpelerin islep shıg'ıwda ju'zege shıg'adı. Oqıw dawamında oqıwshı jeke ha'm ulıwma a'hmiyetke iye bolg'an maqsetke erisiw ushın belgili bir ha'reketlerdi qollanıwg'a ma'jbu'r boladı. Pedagog bul ha'reketlerdi sezip, oqıwshını qollap-quwatlaw, onın' alg'a ilgerilewi ushın sha'rayat jaratıp g'ana qoymastan, o'zi de oqıwshılar menen birge «o'siwi» kerek.

***Mashqalalı oqıtıw*** **–** oqıtıwdın' evristikalıq usılların qollanıwg'a tiykarlang'an tu'rlerinin' biri. Onın' maqseti ha'm a'meliy, ha'm teoriyalıq-biliw xarakterine iye bolg'an mashqalalı jag'daylardı sheshiw barısında evristikalıq ko'nlikpelerdi rawajlandırıwdan ibarat. İzlew protsesine oqıwshılardın' bilimi ha'm analitikalıq ko'nlikpeleri tartıladı (sonın' menen birge jedellestiriledi). Sonın' menen birge oqıwshılarg'a bilimlerdin' jetkiliksizligi, olardı ken'eytiw, teren'lestiriw za'ru'rligi tu'sindiriledi, bul biliwge qızıg'ıwshılıqtı xoshametleydi.

***Biliw quwanıshı*** **–** oqıwshılardın' (ha'm mug'allimnin') oqıw protsesinde, biliwde sub'ektiv pozitsiyanı dinamikalıq tu'sinip jetiwinin' pozitiv emotsional-intellektuallıq xarakteristikası. Oqıw xızmetinin' usılı sıpatında biliw quwanıshı oqıwshılardı unamlı emotsiyalardın' qa'liplesiwi ushın negiz bolıp tabıladı; bul protsessti emotsionallıq ha'm intellektuallıq jaqtan jag'ımlı ete otırıp, tapsırmanın' tabıslı orınlanıwına ja'rdemlesedi;

oqıwg'a belsendi qatnasıwdı ku'sheytedi. Oqıwshı, pedagog, ata-analar ta'repinen bo'lisetug'ın biliw quwanıshı qarama-qarsı ku'shler pedagogikasında ta'sir etiwshi qural boladı.

Jan'a na'rseni biliwdin' quwanıshın basınan keshirgen oqıwshı onı ta'kirarlawdı, a'piwayılastırıwdı qa'leydi. Ol oqıwda tabısqa erisiw jolların o'z betinshe izlep baslaydı, nege degende, bul o'z ku'shine bolg'an isenimdi arttıradı, a'tirapındag'ılar menen qarım-qatnasına pozitiv ta'sir etedi.

Solay etip, biliw quwanıshının' ja'rdeminde oqıwshı oqıw ha'reketinin' sub'ektine aylanadı, belsendi baslamalardı ko'teredi.

***Refleksiya*** – 1. Gu'manlarg'a, qarama-qarsılıqlarg'a tolı bolg'an pikir ju'rgiziw, o'z psixikalıq halatın analizlew. 2. Shaxstı o'z minez-qulqının' sebeplerin oylawg'a ha'm tu'siniwge bag'darlaytug'ın adam oylawının' printsipleri. Elementar, ilimiy ha'm filosofiyalıq refleksiyanı ajıratadı.

***Sinergiya*** – 1. Birgeliktegi ha'reket; ha'r qıylı potentsiya ha'm energiya tu'rlerinin' bir pu'tin ha'rekettegi o'z-ara ta'sir etisiwi. 2. Adam xızmetinin' barlıq tarawında ulıwmalıq tiykarı sıpatındag'ı birgeliktegi miynet. 3. O'z maqsetine erisiw jolındag'ı individlerdin' jobalastırılmag'an, biraq, bir bag'dar, sotsiallıq toparda ha'reket etetug'ın ha'reketleri.

***Oqıw ha'reketindegi tabıs halatı*** – optimal a'meller kompleksi, ol ha'r bir oqıwshının' o'z potentsial mu'mkinshilikleri da'rejesinde oqıw ha'reketine belsendi enisiwine ja'rdemlesedi ha'm oqıwshı shaxsının' emotsional-erk ıqrarlı ha'm intellektual sferasına ta'sir ete otırıp, bul mu'mkinshiliklerdi rawajlandıradı. Tabıs halatında oqıwg'a bolg'an unamlı qatnas belsendi, do'retiwshilik emotsiyalarg'a ko'teriledi; qıyınshılıqlardan o'te alıwdag'ı quwanıshlı sezimler, oqıw ma'selelerin sheshiwde intellektuallıq ko'teriliw, o'z bilimlerinin' to'men da'rejede ekenligin tu'sinip jetiw, o'z bilimin jetilistiriwge bolg'an talaptın' ku'sheyiwine alıp keledi.

***Birgeliktegi ha'reket*** – toparlıq ha'reket tu'ri, onda qatnasıwshılardın' ha'reketi ulıwma maqsetke bag'ınadı. Birgeliktegi ha'reket – eki yamasa bir neshshe adamnın' miynette, oyında, sportta, oqıwda, ta'rbiyada, emlewde ha'm t.b. ulıwma maqsetke birgeliktegi erisiwindegi o'z-ara sanalı ha'reketi. Ayırım adamlardın' basqalar menen bir, biraq, maqsetke erisiw jolları basqa-basqa bolg'an islesiwin birgeliktegi ha'reketten ajıratıp biliw kerek. Birgeliktegi ha'rekettin' joqarı tu'ri – ja'ma'a'tlik birge islesiw.

***A'deplilik*** – shaxstın' ta'rbiya ko'rgenligi, sa'wbetlesine qolaysız tu'yiletug'ın so'zlerdi aytpawı, o'zin jaqsı uslap tutıwı.

***Pedagogikalıq a'deplilik*** **–** oqıwshıg'a pedagogikalıq ta'sir jasawdı a'melge asırıwda o'lshemler sezimi. Mug'allimnin' qa'biletinde o'zin ılayıq tutıw, ta'rbiyalanıwshılar menen a'piwayı ha'm isenimli so'ylesiw, olardın' qa'dir-qımbatın hu'rmetlew, aqıllı ha'm pedagogikalıq jaqtan tiykarlang'an talaplardı qoya biliw pazıyletleri payda boladı. Balalar psixologiyasın teren' biliw, oqıwg'a ha'm ta'rbiyag'a individual jantasıw pedagogikalıq a'depliliktin' tiykarı bolıp tabıladı.

***Pedagogikalıq do'retiwshilik*** **–** oqıtıwshı ta'repinen oqıw-ta'rbiya ma'selelerinin' original ha'm joqarı na'tiyjeli sheshiliwi, oqıw-ta'rbiya teoriyası ha'm a'meliyatın bayıtıw.

***Trening*** **–** 1. Arnawlı shınıg'ıw rejimi, shınıg'ıw. 2. Qanday da bir taraw boyınsha bilim ha'm ko'nlikpelerdi alıw protsesi.

***Pertseptiv trening*** **–** qarım-qatnas barısında ju'zege keletug'ın, o'zin, basqa adamlardı adekvat biliw uqıbın rawajlandırıwg'a bag'darlang'an sotsial-psixologiyalıq trening tu'ri.

***Hu'rmet*** **–** 1. Kimnin'dur qa'dir-qımbatın ta'n alıwg'a tiykarlang'an sıylasıqlı qarım-qatnas. 2. İndividtin' statusı ha'm abırayının' qanday ekenligine qaramastan, a'tirapındag'ılar ta'repinen onın' ha'reketinin' joqarı da'rejede bahalanıwı.

***Qa'diriyatlar sisteması*** **–** ja'miyettin' yamasa topardın' qa'diriyatlar modeli, onda individual qa'diriyatlar tıg'ız baylanısıp, olardın' ha'r biri ekinshisin ku'sheytip baradı ha'm kelisim ju'zege keledi.

***Eksteriorizatsiya*** **–** adamnın' sırtqı sotsial xızmetin interiorizatsiyalaw tiykarında qurılatug'ın bir qatar ishki du'zilislerdi qayta qurıw tiykarında ju'zege keletug'ın sırtqı ha'reketler, pikirlerdin' tuwılıw protsesi.

***Emotsional qollap-quwatlaw*** **–** qanday pazıyletlerge iye ekenligine, oqıwdag'ı tabıslarının' qanday bolıwına qaramastan oqıwshının' pedagog ha'm topar ta'repinen qabıl etiliwi, onın' shaxsının', adamgershilik qa'diriyatlarının' ta'n alınıwı ha'm t.b. Emotsional qollap-quwatlaw qarama-qarsı baylanıs mazmunın qayta islew barısında, o'zin-o'zi bahalawda, o'zine bolg'an emotsional qolaysız qatnastı alıp taslawda a'hmiyetli rol' oynaydı.

***Empatiya*** **–** sezimler ja'rdeminde shaxstın' basqa adamlardın' ishki keshirmelerine kiriw, olarg'a ta'selle beriw qa'siyeti. Empatiyanı ta'rbiyalaw qıyın, biraq, onı buzıw da an'sat emes, ol adamlardı qarım-qatnasta jaqınlastıradı, joqarı isenimlilik da'rejesine jetkeredi.

## *A'debiyatlar:*


1. Bilimlendiriw haqqındag'ı Nızam. – T.: «Sharq», 1997. 20-30 b.

2. Kadrlar tayarlawdın' milliy bag'darlaması. – T., 31-63 b.

3. O'zbekstan Respublikasının' Konstitutsiyası. - T.: «O'zbekiston», 1992.

4. Каримов İ Гармонично развитое поколение – основа прогресса Узбекистана. - Т., 1997.

5. Каримов И. По пути созидания. – Ташкент: «Узбекистан», 134 с.

6. Азизходжаева Н.Н. Педагогические технологии в подготовке учителя: - Т., 2000.

7. Азизходжаева Н.Н. Педагогические технологии и педагогическое мастерство. - Т., 2006.

8. Андреева Г.М. Социальная психология. - М., 1980, 97-98 с.

9. Беспалько В.П. Слогаемые педагогических технологиий обучения. - М., 1995.

10. Беспалько В.П. Педагогика и прогрессивные технологии обучения. - М., 1995.

11. Басов Е.М. Социологический словарь. - Минск, 1991, 80 с.

12. Брудний А.А. Понимание и общение, - М., 1989, 7 с.

13. Грицов А.Г. Тренинг общения для подростков. – СПб, Питер, 2005, 74 с.

14. Дьяченко М.И., Кандибович М.И. Психологический словарь – справочник. – Минск: Харвест, 2004, 576 с.

15. Зимня И.А. Педагогическая психология: Учебник для ВУЗов. – М., 2001, С 333-356.

17. Кан-Калик В.А. Учителю о педагогическом общении. – М.: Просвещение, 1987, С 34-35.

18. Кан-Калик В.А. Педагогическое творчество. – М., 1990.

19. Кларин М.В. İнновации в мировой педагогике. – Рим, 1995.

20. Колеченко А.К. Энциклопедия педагогических технологий. - Санкт-Петербург, 2006.

21. Леонтьев А.А. Педагогическое общение. 2-изд. Прераб. доп. – М., 1996, 20 с.

22. Левитес Д.Г. Практика обучения: современные образовательные технологии. – М., 1998.

23. Маркова А.К. Психология труда учителя. – М., 1993, 84 с.

24. Мижериков В.А. Психолого-педагогический словарь. – Ростов н/д.: Феникс, 1998. 544 с.

25. Морозов А.В. Деловая психология. Курс лекций. Учебник для высших и средних специальных учебных заведений. – СПб: изд. Союз, 2000. 345-346 с.

26. Панферов В.Н. Психология общения II Вопросы философии, 1972, №7, 162 с.

27. Подласый И.П. «Педагогика» – М.: «Высшее образование», 2007. 540 с.

28. Подласый И.П. «Педагогика». – М.: Владос. 2001. 576 с.

29. «Педагогика» / Под ред. И.П. Пидкасистого. Высшее образование. – М. 2008. 430 с.

30. Подласый И.П. Педагогика. Учеб. для студ. высш. учеб. заведений. Кн.1: Общие основы. Процесс обучения. – М.: Владос, 2003. 243-244 б.

31. Рыданова И.И. Основы педагогики общения. – Минск: Белорусская наука, 1998, 136 с.

32. Рыбанова М.М. Конфликт и взаимодействие в педагогическом процессе. – М.: Просвещение, 1991, 43 с.

33. Saidaxmedov N. Yangi pedagogik texnologiyalar. – T., 2003.

34. Столяренко Л.Д., Столяренко В.Е. Психология и педагогика для технических ВУЗов. – Ростов н/д, 2004, 408-409 с.

35. Селевко П.К. «Современные педагогические технологии: – М., 1998.

36. Селье Г. Очерк об адаптационном синдроме. – М., 1960

39. Цицерон Мари Фумий. Із докладов об ораторском искусстве. – М., 1973, 53 с.

40. Шапарь В.В. Рабочий словарь психолога консультанта. – Ростов н/д: Феникс. 2005, 168 с.

# MAZMUNI

Kirisiw ……………………………………………………………………………………
I bap. İnteraktiv oqıtıwdı sho'lkemlestiriw metodikası ……………………………
1.1. Oqıtıwdın' toparlıq formaları ……………………………………………………
1.2. Toparlıq xızmetti sho'lkemlestiriw ……………………………………………...
1.3. Toparlar arasındag'ı mu'na'sibetlerdi sho'lkemlestiriw …………………………
1.4. Ta'limnin' aktiv usılları ………………………………………………………..
II bap. Oqıw protsesin sho'lkemlestiriw texnologiyaları …………………………..
2.1. «Oqıtıw texnologiyası» tu'sinigi ……………………………………………….
2.2. «Pendagogikalıq texnologiya» tu'sinigi ………………………………………..
2.3. İnteraktiv oqıtıwda oqıw ken'isligin sho'lkemlestiriw ………………………….
2.4. Kishi toparlarda interaktiv oqıtıw texnologiyası ……………………………….
III bap. Oqıtıwdın' interaktiv usılları ha'm texnologiyaları a'meliyatı ………………..
3.1. «Kadrlardı tayarlaw sistemasın rawajlandırıwdın' tiykarg'ı bag'darları» temasında seminar sabaqların analizlew ……………………………………………
3.2. «Pedagogikalıq qarama-qarsılıqlardı ruxsat etiw texnologiyası» temasındag'ı seminar sabag'ının' joba-konspekti ……………………………………………….
3.3. «Pedagogikalıq texnologiya» kursı haqqında tu'sinik …………………………..
3.4. «Keskin pikirlewdi rawajlandırıw boyınsha oqıtıw texnologiyası» temasındag'ı lektsiya sabag'ın analizlew ………………………………………………………….
Juwmaq ……………………………………………………………………………..
Tematikalıq so'zlik …………………………………………………………………..
A'debiyatlar …………………………………………………………………………

*Du'ziwshiler:*
***A.B. Arıslanbaeva, E.S. Jaksımuratova*** **– A'jiniyaz atındag'ı No'kis ma'mleketlik pedagogikalıq institutı Ulıwma pedagogika ha'm psixologiya kafedrası assistent oqıtıwshıları**

# İNTERAKTİV OQITIW A'MELİYATI

***(pedagogikalıq protsesste interaktiv usıllardı qollanıw boyınsha oqıw-metodikalıq qollanba)***

***Bas redaktor*** **prof. K.M. Koshanov**

***Tex.redaktor*** **U.B. Balımova**

***Operator*** **N. Nısanbaev**

**Oqıw-metodikalıq qollanba A'jiniyaz atındag'ı No'kis ma'mleketlik pedagogikalıq institutının' Oqıw-metodikalıq ken'esi qararı (28-noyavr' 2013-jılg'ı 9-sanlı is qag'azı) menen baspadan shıg'arıwg'a usınılg'an.**

**A'jiniyaz atındag'ı NMPİ redaktsiya-baspa bo'limi**

**A'jiniyaz atındag'ı NMPİ baspaxanasında basılg'an. 2014-j.**

**Buyırtpa № ____. Nusqası – 100 dana. Formatı . Ko'lemi 4,1 b.t.**

**No'kis qalası, A.Dosnazarov ko'shesi, 104. Reestr № ------.**